

Ijambo rya buri muni
Ijambo ry'ubuvugishwa ry'Umuni

IGICE CA

4

Gitug-Munyo-Kigar

2025

Inkuru Nziza

Imisi Yose

KUBUNTU


Kugurishwa Ntivyemewe
Iyi nkuru nziza ya buri muni yaramaze
kurihwa n'abafatanyabikorwa bacu
rero irashobora gukwiragizwa ku buntu

Nk'uko amazi apfutse amerera umuntu anyotewe cane, Ni ko n'inkuru nziza zimera, zivuye mugihugu ca kure (Imigani 25:25)

Uebert & BeBe
ANGEL

UEBERT NA BEBE ANGEL

Kubera ko Uebert na BeBe Angel bafise ubumenyi bwinshi mu gikorwa c'Imana, baracitse amajwi azwi cane mu gukwiragiza Inkuru Nziza y'ubuntu bw'Imana (Euangelion) no guteza imbere igikorwa c'ubuhanuzi kw'isi yose. Kubera ko ari abanditsi b'ibitabu bikomeye cane nk'ivyo bita "Intambara yo mu vy'impwemu", "Ibanki z'amasengesho", "Ububasha burengeye bw'uwizera", "Ubuzima burongowe n'ubuntu", n'igitabo c'Inkuru Nziza ya misi Yose", baragize intererano zihambaye mu bitabu vya gikirisu.



Uebert na BeBe Angel bazwi cane kubera umuhamagaro wabo, ubuhinga bushasha bwabo n'uburongozi bufise inguvu bwabo, ni abavugabutumwa baronderwa cane. Nk'imboneza zo kw'isi yose mu vy'ubuvugishwa n'abashinze Ekleziya y'Inkuru Nziza (Ambasade ya Mpwemu), kandi bafise ibango ry'ubuvugishwa, baragize ico bakoze cane ku buzima bw'abantu amamiliyoni kw'isi yose, biciye m'umutima wabo wo gukwiragiza ihishurirwa ry'Inkuru Nziza n'ububasha mpindura buzima bw'ubuntu bw'Imana (Euangelion).

IVYEREKEYE GITABO C'INKURU NZIZA YA MISI YOSE

Igitabu c'Inkuru Nziza Ya Buri Muni ni gitabu rukristo cubahwa, canditswe kugira ngo gitange ubumenyi mu vy'impwemu ku muni ku muni. Gitanga ubumenyi bwimbitse, amahishurirwa akomeye, n'ukwatura k'ubuvugishwa vya muni yose agenewe kuyobora abasomyi mu buzima bushingiye kuri Kristo, bushingiye ku nyigisho zihindura n'amahishurirwa y'Umuhanuzi Uebert Angel. Ico gitabu gisohoka buri kwezi kwa gatatu, citandukanije nibindi kubera gishika kw'isi yose, gitangwa ku buntu kandi mu ndimi nyinshi zitandukanye kugira ngo gitsinde intambanyi z'indimi kandi kugira ngo ubutumwa buhindura ubuzima bushikire umuntu wese, aho ari ho hose kw'isi yose.



Ku wa gatatu, itariki 1 Gitugutu

UBUBIKO BW'IMPWEMU

Mariko 1:35

Mw ijoro rishira ubuca aravyuka, arasohoka, aja mu gahinga, asengerayo.

Uburyo bwa banki buratomoye, ntushobora kubikura ivyo utigeze ubika. Iyo ubwo bubiko (Ikonti) bumaze kugurugwa, umuntu ategerezwa gushiramwo amahera imbere y'uko ashobora kubikura amahera. Ukuri n'uko umuntu atagira ububiko (ikonti) ntaco ashobora kubikura.

Iyo ngingo ngenderwako nyene irakora no ku bijanye no gusenga. Turiko turasenga dushira m'ububiko bw'impwemu amasengesho. Yesu yamara amasaha menshi asenga mu gitondo, kandi mw'isinzi ry'abantu, yategeka amadayimoni n'ingwara ngo biveho. Ububiko (ikonti) bwiwe bw'amasengesho bwari bwuzuye. Dukurikije Ivyanditswe, ikibanza ciwe c'ibanga cari ahantu yabika, kandi mw'ibango ryiwe atanguye gukora mw'isinzi ry'abantu yaba atanguye kubikura, bikazana ibimenyetso bigaragara.

Fata umwanya wo gusenga imbere yo gutangura umusi wawe, kandi ugiye mumirimo ya misi yose utanguye gukora uba uriko urabikura, n'intahe zizokurikira mw'Izina rya Yesu.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ikonti yanje yo mu vy'impwemu iruzuye. Ibinkikuje bizokwishugwa biciye ku bubasha bw'amasengesho yanje mw'Izina rya Yesu Kristo, Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Ab'i Tesalonike 5:17

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Obadiya 1:10-21; Yona; Mika 1-3.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kane, itariki 2 Gitugutu

KURAHU IBIGUSAMAZA

Yohana 18:37

... Ico ni co navukiye, kandi ico ni co canzanye mw'isi, kugira ngo nshingire intahe ukuri. Uwo ukuri wese yumva ijwi ryanje.

Kuguma ku kintu n'ubushobozi bugushikana ku ntsinzi. Iyo ivyo ugumako ata kintu kigusamaza, nta nkeka ko uzoshika ku migambi yawe. Utegerezwa kumenya igituma uri hano. Ntiwavutse gusa kugira ngo ubeho nk'abandi kw'isi ahubwo kugira ngo ugire ico ukoze ku Bwami, ku muryango wawe, ku kazi no mu bindi. Umwansi asamaza gusa abatagira umutima wo kuguma ku kintu, abatagira umushinge ukomeye mw'Ijambo.

Yesu yamenyesheje ko yavukiye gushingira intahe ukuri. Yabereyeho kubera imvo imwe, si nyinshi. Uyu munsu, nuhitemwo kuguma ku bihambaye vy'ukuri. Ku kazi, nushire umutima ku vyo ufisemwo inyungu. Guma mumigenderanire izana ukuri kuruta iyindi. Ntuzigere ureka umwansi ngo ateshe kazoza kawe intumbero biciye mu bintu bigusamaza. Bikureho biciye ku nyigisho z'urufatiro nziza no kuguma kurizo. Ni wizera iri Jambo, guma kuri ryo, uzogaruka ufise intahe.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Navukiye gutsinda, gutsinda no gutera imbere mu nzira zose. Sinzokwigera nsamazwa n'umwansi, kuko nashizwe ku nzira ntegerezwa gukurikira mw'Izina rya Yesu rikomeye! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Mariko 11:23

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsu: Mika 4-7; Nahumu 1-2.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatanu, itariki 3 Gitugutu

GUHAGARIKA AMAJWI

1 Ab'i Korinto 14:10

Amajwi yo mw'isi, nah'ari menshi ate, nta ridafise uko risobanurwa.

Igikoresho ntanga majwi (Ecouteur) co mu matwi gikora mukumenya amajwi adakenewe igaca kiyakuraho. Muri ubwo buryo nyene, isi yuzuyemwo amajwi menshi, kandi nk'uko Bibiliya ibivuga, ntana rimwe ritagira insobanuro. Hari ayakuruhisha kandi agatuma uhindura intumbero. Ayo majwi mabi arashobora kuza biciye mu muziki, mu nsiguro zica intege canke ku biyago bishobora gusenyura.

Ijambo ry'Imana ni ubuhinga bwacu bwo mu mpwemu bwo guhagarika amajwi atariyo. Iyo isi ivuze ngo "Hariho ukuja hasi", wewe umenyesha ngo "Hariho ukuja hejuru." Niwishure ijwi ryose rihushanye n'ukuri kw'ico Imana ivuga kugira ngo uhagarike amajwi atariyo. Hariho ibiganiro vy'ugusubira inyuma kw'ubutunzi, ariko wewe n'umuryango wawe ni muvyanke. Uri intumwa y'Ijuru, isoko ryawe riva mu yindi si. Aleluya !

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndahagarika ijambo ryose ribi rinyongorera mu matwi ko ntazigera nshika, ndashikanye mw'Ijambo ry'Imana kandi nzogarukana intahe mw'Izina rya Yesu ! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yobu 22 :29

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Nahumu 3 ; Habakuki 1-3 ; Zef 1 :1-13.

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa wa gatandatu, itariki 4 Gitugutu

IBIHARURO VY'IMANA

2 Timoteyo 2:5

Wame ugira umwete wokwiga no kwiha Imana Imana nk'uwamaze kurama, umukozi atarinda guteterwa, agabagura neza Ijambo ry'ukuri

Hariho ibikorwa bine vy'ishimikiro vy'ibiharuro : kwongerako, gukurako, kugabura, no kugwiza. Muri ivyo, kugabura gusa ni kwo kwemeza ibice bingana. Ni co gituma Bibiliya ikoresha « kugabura » igihe ivuga ngo, « kugabura neza Ijambo ry'ukuri ». N'ibiharuro, bavukanyi.

Ijambo ry'Imana ritegerezwa kugabugwa neza muburere bwose bw'ubuzima bwawe. Ukeneye amagara meza nk'uko ukeneye amafaranga. Rero, ntushire umutima ku karere kamwe ngo wirengagize ubundi burere, kuko vyose ubikeneye. Iyubakishe ijambo ryose ry'Imana m'uburere bwose bw'ubuzima bwawe. Nushireho umwanya wo kwiga m'uburere bwose butandukanye mw'Ijambo ry'Imana maze wubake ivy'impwemu bingana m'uburere bwose. Ndategeka kandi ndamenyesha ko akarere kose c'ubuzima bwawe kizotera imbere mw'Izina rya Yesu !

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndatuye ubuzima ku mafaranga yanje, amashure yanje, imigenderanire, no m'uburere bwose vy'ubuzima bwanje. Sinzigera mburanigwa. Ndahezagiwe birenze urugero, mw'Izina rya Yesu. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

2 Petero 1 :3.

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Zef. 1 :14-3 :20 ; Hag. 1-2 ; Zek. 1 :1-11



Ku w'Imana, itariki 5 Gitugutu

INYIFATO HAMWE N'IVYO USHOBO- RA GUSHIKAKO

1 Ab'i Korinto 15 :31

Uko bukeye ndapfa, indahiro ndahiye ni mwebge vyirato vyanje, ivyo mfise muri Kristo Yesu Umwami wacu.

Ivy'ushobora gushikako bivana n'inyifato yawe. Ivyiza ushikako mu buzima bifatanye n'inyifato yawe. Inyifato mbi ituma n'ubucuti busenyuka, birazana ububisha n'ishavu. Intumwa yavuze iti ndahamba inyifato mbi buri musu, bisigura ko ari kamere y'umubiri kuja mu nzira mbi. Umubiri ushaka gutahurwa, gutsinda impari, no gukurikira ubushake butari bwo.

Uko usoma iri Jambo ry'ubuvugishwa, uhemwe guhamba inyifato mbi yose. Bihe izina. Muhangane. Wibwire ko uhamba iyo nyifato mbi, hanyuma uyireke. Izo nyifato zirakuremera, ariko uno musu, zihambe rimwe na rimwe. Hariho umusi w'ugukayangana n'akazozo ku bwawe, ariko inyifato mbi izokwonona ivyo Imana yaguteguriye. Wavukiye gutsinda, kuraho ingeso mbi zose ubu nyene, mw'izina rya Yesu.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndataye inyifato yose mbi inyiba umunezero wanjye, amahoro n'uguterimbere. Ndashize kw'iherezo inyifato mbi y'umwami ku buzima bwanjye mw'izina rya Yesu rikomeye! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abafilipi 4:4.

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zekariya 1:12-7:14.



Ku wa mbere, itariki 6 Gitugutu

AMAJWI Y'UBUVUGISHWA

1 Petero 4:11

Umuntu iy' avuze, avuge nk'ubuvugishijwe n'Imana: umuntu iy' agabuye, agabure nk'ufise ubushobozi Imana itanga; kugira ngw Imana iterwe icubahiro muri vyose, kubga Yesu Kristo, afise icubahiro n'ububasha ibihe bitazoshira. Amen.

Ururimi rwawe si urwo kwumviriza imfugurwa gusa, ni igikoresho c'Imana co kwubaka kazoza wipfuzwa. Urupfu n'ubugingo, hamwe n'intsinzi no kunanirwa, biri mu bubasha bw'ururimi. Urukoresheje neza, uzorema kazoza wipfuzwa.

Mw'ibango ryacu, Imana yaduhaye umutamana w'ubuvugishwa, ariko icanditswe kimenyesha ko umukristo wese akwiye kuvuga nk'umuvugishwa w'Imana

Uyu musu, gumbira uku kuri: ntukeneye kurindira uwundi muntu. Vuga nk'umuvugishwa ku buzima bwawe bwite. Reka abandi babone impinduka ry'ukuntu uvuga. Naho ibintu bitoba bimeze neza, nuvuge ivyiza. Gukena guhebuje ntabwo biri mumajambo yacu. Atura umusesekara, amahoro n'intsinzi. Bivuge, uzofungura ivyamwa vy'amajambo yawe. Alaluya!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ururimi rwanje ni ikaramu y'umwanditsi yiteguye. Ivyiza n'imbabazi ni vyo bizoba umugabane wanjye imisi yose y'ubuzima bwanje. Ivyo nipfuzwa vyose, narabihawe mw'Izina rya Yesu. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Zaburi 45:1.

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zekariya 8-13

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, itariki 7 Gitugutu

HAGARARA NK'INYUBAKO NDEDE IKOMEYE

Yohana 10:17

Igituma Data ankunda, n'uko ndekura ubugingo bganje, ngo mpeze nsubire kubwabira.

Nk'umuvyeyi canke umurongozi, mu bisanzwe urakunda abana bawe kuko ari abawe, ariko hariho kamere, ukwumvira, ubwenge, canke urutonde rw'amavuko, nk'akarorero bishobora gutuma urwo rukundo rukomera. Aha, Yesu araduha imvo itandukanye ituma Se amukunda. Wokwitaga ko avuga ko ari kubera ko yigisha canke akora ibitangaza, ariko ahubwo, avuga ati: «Kubera ko ndekura ubuzima bwanje nkongera nkabwabira ».

Imana irakunda abanka kuguma hasi. Mw'isi yuzuye uguhamwa, kudendebukigwa n'ubwoba, haguruka nk'inyubakwa, ikomeye kandi idahungabanwa. Nimube akarorero ko kwihangana. Naho woba wumva urengewe n'ukunaniwa, kudendebukigwa, canke ukubura ivyizigiro, wibwire uti: «mugihe ndi hasi, singuma hasi, ndahaguruka! »

Kuva uno musu, nta kintu kizogushira hasi. urahaguruka mw'izina rya Yesu!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndanse kuja hasi kubw'ibigeragezo canke ivyo nacyemwo. Ndahaguruka nk'ubushobozi bw'ihembe ry'ifarasi. Ubuzima bwanje burakingiwe cane kandi burarinze cane mw'izina rya Yesu. Aleluya!

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 4:20-21

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zekariya 14; Malaki 1-4.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu, itariki 8 Gitugutu

ICITEGEREREZO GITANDUKANYE

Abaroma 12:2

Ntimushushanywe n'ivy' iki gihe, yamara muhinduke rwose, mugize imitima misha ...

Tuba mw'isi aho kenshi na kenshi kuba dutandukanye nabandi bibonwa nabi. Benshi barondera kumera nk'abandi, gutahugwa, no guhimbara abantu aho guhimbara Imana. Ariko Imana iriko iravyura urunganwe rwanka kubaho rushingiye ku ngingo mfatirwako z'isi, uruvyaro rudashaka kwemerwa n'isi. Bibiliya iratwibutsa ko tutari abo muri iyi si, nk'uko Yesu atari uwo muri yo.

Kubera ko ikintu cemewe cane ntibituma kiba ciza. Raba Daniyeli, yahisemwo inzira itandukanye. Mu gihe abandi bariko barafungura cane, we yaritandukanije n'abandi mu gutera iteka Imana, ahitamwo kufungura mu buryo butandukanye n'ubw'abandi.

Ni twebwewe ugwo runganwe rukurikira icitegererezo gitandukanye. Ntitwishushanya n'iyi si. Mbere n'ivyiyumviro vyacu birahinduka kuko wa mutima wari muri Kristo ubu uri muri twebwewe.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Jewe sindi uwo muri iyi si. Narobanuwe nshirwa ku ruhande ku bw'umugambi wera w'Imana. Ndi umuco ukayangana kandi waka imbere y'abantu ku bw'uguhimbazwa kwa Data wo mw'ijuru. Amen!

KUNONOSORA INYIGISHO

Yohani 15:19

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Matayo 1-4.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kane, itariki 9 Gitugutu

NI NDE ARIKUMWE NA WE?

2 Timoteyo 4:11

Luka gusa ni we twasigaranye. Hitana Mariko, umuzane, kukw angirira ikimazi mu gikorwa c'ibango ryanje.

Hari ubwoko butatu bw'abantu mu buzima: abaza kubera impamvu, icigwa canke igihe. Vyose narabiciyemwo. Abaza kubera impamvu barafasha gushitsa iyerekwa ryawe. Abaza mu kiringo kanaka Imana yabashinze kugira ngo bagukorere no kugushigikira muri ico gihe. Hanyuma hakaba abaza kuguha icigwa. Icigwa caba ciza canke kibi, rimwe na rimwe biciye mu kubabara ukwiye kurushiriza kuba umunyabwenge.

Intumwa Paulo yavuze ko Mariko yari afise akamaro kuri we. Yari itunga ry'ingirakamaro. Yazanye ukworohegwa, ntiyazanye ububabare canke kuremerwa. Uyu musu ndasenga ngo Imana ibarungikire abafasha b'Imana baza kubera impamvu, kandi mugendane ubwenge butunganye kugira ngo mubashishoze kandi mubakire. Amen.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndategeka abafasha banje b'ubumana kuza bava mu mpande zose. Ndarandura imbuto mbi yose y'inguvu yatewe hirya no hino yanje, mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Ab'i Kolosayi 3:17

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Matayo 5-7.



Ku wa gatanu, itariki 10 Gitugutu

UBUTUNZI BUFISE INTUMBERO

Zekariya 1 :17

Subira usemerere, ut' Uku ni k'Uhoraho Nyen' ingabo agize, ngw Ibisagara vyanje bizokwongera kubogaboga ivyiza ; Uhoraho azokwongera kumara i Siyoni umubabaro, kand' azokwongera kwiobanurira Yerusalemu.

Inkuru Nziza ni k'ubuntu, ariko uburyo bwo kuyishikana ku bantu si k'ubuntu. Kubera ubuntu bw'Imana, turarongora ibango rifise amamiliyaridi menshi y'amadolari, tugaburira abashonje, tukarungika bamwe kw'ishure, tukagira ibikoresho vy'ubutumwa bwiza (Ibitabo n'ibindi), tukakira uburaro mubihe vy'ibikorane, ivyo vyose bikaba bisaba amafaranga. Ushobora kuba uriko urasoma ubu butumwa bw'ubuvugishwa ku buntu, ariko hari uwarishe kugira ngo ishigwe kumpapuro (Igitabo).

Ubwami bw'Imana burakeneye ubutunzi kugira ngo butere imbere. Ni co gituma Imana yipfuza ko utera imbere mu vy'amafaranga. Yavuze ati: «Ibisagara vyanje bizokwiragira biciye mu guterimbere. » Uko wihatira kurema ubwami bukomaye bw'amafaranga, ntubikore kubera impamvu zawe, reka bibe ubutunzi bufise intumbero. Umuntu akwiye gufungura kubera Imana yaguhezagije amafaranga. Ishengero ahantu kanaka rikwiye kwubakwa kubera uguterimbere kwawe.

Akira umuhezagiro w'ubutunzi uyu musi. Amafaranga ariko araza!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Amafaranga yanje ariko araza! Ndaronka amafaranga yo gufasha Ubwami. Imiryango yanje yose iruguruye kugira ngo nakire umwimbu mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Imigani 3:9.

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Matayo 8:1-10:15.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatandatu, itariki 11 Gitugutu

IYEREKWA

1 Ngoma 26 :18

Kand'i burengerazuba ku kirugu hashibama bane ahahera inyuma kw'irango, babiri na bo ku c'imbere mu kirugu

Iyerekwa ni ryo rituma umuntu ashika ku kintu cose ashikako. Ivyanditswe bivuga ngo :

« Ahatariyerekwa, abantu barahona. » Urwo si urupfu gw'umubiri gusa, ahubwo ni urupfu rw'ikintu cose ukorako. Iyerekwa rikwerekeza k'ubushobozi bugufasha gushika kuwyo wipfuza.

Fata icanditswe kiri hejuru : benshi biyumvira ko abarinzi bariho urusengero rumaze kwubakwa, ariko uwo muvugishwa yariyumviriye ko bahagaze ku marembo kera cane imbere y'uko ubwubatsi butangura. Ushobora kuba udafise inzu ubu, mugabo wiyumvire umuryango wawe uri mu nzu nini, konte yawe yo muri banki isesekaye, ibango ryawe riter'imbere. Ubushobozi bwawe bwo kwiyumvira ni ubushobozi bwawe bwo kurema.

Bona ikintu wipfuza, ugikore, uzonereregwa ivyamwa vy'iyerekwa ryawe.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Igikombe canje kirasesekaye. Mbaho ubuzima bw'amata n'ubuki, ntaco mbuze kandi ntaco nzobura. Imana iri kumwe nanje, sinzokena iciza na kimwe. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Imigani 29 :18

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Matayo 10 :16-12 :21.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku musi w'Imana, itariki 12 Gitugutu

UKUBOHOKA GUHAMBAYE

Hoseya 4 :6 Abantu banje baranduwe no kutagira ubwenge : wewe ko wataye ubwenge, nuko nanje nzoguta, ntuzoba ukiba umuherezi wanje ; ko wibagiye ivyagezwe vyanje, Imana yawe, nanje nzokwibagira abana bawe

Abantu benshi biyumvira ko ukubohorwa ari igihe umuntu yikubita hasi, amarira, canke bayokwa mw'ishengero. Ariko nyumva neza bavukanyi, ukubohoka kw'ukuri ni iyo ukutamenya kwawe guhuye n'ukuri. Ushobora kwikubita hasi m'ubuzima kandi ukava hasi utahindutse.

Satani yitwa umwami w'umwijima, “umwami” bisobanura uwambere, “umwijima” bisobanura ukutamenya. Ni we wa mbere afise ukutamenya.

Anka kugira ukutamenya. Akira umuco w'Ijambo ry'Imana. Ijambo rizana umuco rigakuraho umwijima rigahindura ivyiyumviro vyawe. Iyo ivyiyumviro vyawe bihindutse, uba uwidegemvya vy'ukuri. Ubumenyi buva mw'Ijambo buzana ubwiza burenze ikindi kintu cose.

Guma ufungura Ijambo ry'Imana, ukutamenya kuzoguhunga. Ubutunzi bwawe, umuhamagaro, amagara, no m'ubirere vyose bizotera imbere iyo umuco uje biciye mw'Ijambo.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndahakanye kubaho m'ukutamenya. Biciye muri Kristo, nd'uwidegemvya kandi sinkiri umuja w'ukutamenya. Ivyiyumviro biri muri Kristo biri muri jewe ; ubumenyi n'ugutahura biva muri jewe mw'Izina rya Yesu. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Zaburi 119 :130

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Matayo 12 :22-14 :12

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa mbere, itariki 13 Gitugutu

IBIREMWA BITANGAJE

1 Petero 1 :10 Ivy'ako gakiza, abavugishwa n'Imana, ari bo bavuze Ubuntu mwagira muze muhabwe, barabirondera, barabisesa

Igihe nari nkiri muto, nariyita “Eliya w’Umwirabure.” Ico gihe, niyumvira ko ubushobozi bwa Eliya bwari burengeye ivyo noshobora kwiyumvira vyose gushika aho Imana itanguye kumpishurira ukuri kwimbitse biciye mu canditswe c’uyu musu. Mbere n’abavugishwa nka Eliya baripfuzaga kumenya amabanga adasanzwe y’agakiza, ariko ntibemererwa. Vyari birenze ugutahura kubavugishwa ba kera kwemera ko ubwoko bushasha bw’ikiremwa buzoza, ubwo Imana ubwayo izobubamwo.

Mw’Isezerano rya Kera, Mpwemu Yera yaraje kubavugishwa mu gihe gito kugira ngo bavugishwe. Ariko ubu, Imana yaragize inzu yayo ihoraho muri twebwe. Aba muri wewe no muri jewe. Ivyo bisigura ko turuta Eliya canke Yesaya hamwe n’iri hishurigwa, genda uneshe isi yawe biciye ku bushobozi bwa Mpwemu Yera. Amen.

UKWATURA K’UBUVUGISHWA

Kristo muri jewe n’ivyigiro vy’ubwiza. Ndi ububasha burengeye ubw’abantu, kandi ibinyerekeye vyose biriko birahindukira ku bw’ubwiza bw’Imana mw’Izina rya Yesu. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaheburayo 11 :39-40

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c’umunsi : Matayo 14 :13-17 :13



Ku wa kabiri, itariki 14 Gitugutu

ISHENGERO RIGANJE

Abaroma 8 :37 Ariko mur'ivyo vyose turushishwaho kunesha n'uwadukunze

Hari ubwoko butatu bw'amashengero canke abakristo : abatsinzwe, abarwany, n'abahanje. Ishengero ryatsinzwe ntirayahuye uburenganzira bwaryo bwose muri Kristo. Ishengero ry'abarwany ryama rirwana n'amadayimoni kandi rirondera kubohoka. Ariko Ishengero riganje ryararengeye urugero rw'intambara, rikorera mukibanza co hejuru

Abakristo baganje barahindurwa rwose n'ijambo kandi buzuye ugutahura. Ntibakiriko bararondera kubohoka ; ahubwo barondera abandi bo kubohora. Abo ni abajenerale b'Imana, bakomeye mu gusenga no mu gufungura Ijambo. Kura ube umukristo aganje. Nturi umuntu w'intenge nke ; uri umujenerale mu buryo bwawe bwite.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Nfise ukuntu ndabira ibintu ku musozi ; Mbayeho hejuru y'ibintu vy'ubu buzima. Jewe si ntsindwa canke ngo nsabe kubohogwa, ndi ishengero riganje ! Ndategeka ko ububasha bwanje muri Kristo bukora kandi bugaragara.

Ngendera mu butegetsi, nkajana abandi mu mwidegemvyo, nkaresha mu ngiro intsinzi y'umusaraba mu bijanye n'ubuzima bwose. Uguterimbere kwanje, amahoro yanje, n'ubushobozi bwanje ntibihungabana mw'Izina rya Yesu ! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

2 Ab'i Korinto 5 :20

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Matayo 17 :14-20 :34.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gataatu igenekerezo rya 15 Gitugutu

EKKLESIA

Matayo 16 :18

Nanje ndakubwira yuk'uri Petero, kandi kur'urwo rutare nzorwubakw'ishengero ryanje, kand'amaremba y'ikuzimu ntazorishobora.

Ishengero ni ryo nguvu zikomeye kuruta izindi zose kw'isi. Bamwe bamwe mu bujuu bagaragaza Ishengero nk'ikoraniro ry'abizera bafise isoni baririra akamana. Aiko twebwe turi kure cane. Ijambo "Ishengero" rikomoka mu kigiriki Ekklesia, risobanura ikoraniro ry'abantu bafata ingingo z'ubutegetsi. Ishengero niryo rifata ingingo y'ingene ibintu bikwiye kugenda mu mahanga.

Ivyo bisigura ko hariho ubushobozi, inkomezi n'ubukuru mu muryango w'abakristo. Uri mu bagize inama y'ubutegetsi ikomeye kuruta izindi zose ziriho. Kuja mw'ishengero si umugenzo ; ni ho kazoza kawe gakariha, kandi amategeko n'ingingo zigenga isi bigakosorwa. Rero, ntimwicare ku mpande ; ba mu bafata ingingo n'abagira ico bakoze muri Kristo. Nimwirukane abakeneye kwirukanwa, mushireho abakwiriye guhabwa ibibanza. Warahawe ububasha bwo gutera no kurandura ivyo wipfuzza vyose, mw'Izina rya Yesu rikomeye !

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndi muri ekklesia y'Imana, inama nyobozi ikomeye kuruta izindi zose kw'isi. Nshinga amategeko mu mpwemu kandi nshinga urutonde rw'Imana mu mahanga. Amaremba yi kuzimu ntazoshobora kuntsinda mw'Izina rya Yesu rikomeye ! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaheburayo 10:25

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Matayo 21-22

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kane, itariki 16 Gitugutu

UMUSERUKIZI W'UMUNEZERO

Ab'I filipi 4:4

Mwame munezererwa mu Mwami wacu imisi yose; ndabivuze ubugira kabiri: ni munezerwe.

Ivyerekeye umunezero wawe ntukwiye kubishira mu maboko y'uwundi muntu, ni igikorwa Imana yaguhaye. Umuntu anezerewe ntakunda kwihebura, canke ngo agwaragurike. Ntukigere uta ishavu ku bandi ku bintu bibi vyose biba hirya no hino yawe canke ngo wibaze kwaribo babiteye. Umwansi azoguha imvo zo kugutuma unanirwa mu kugerageza kukwerekako abandi aribo batumye unanigwa. Guta impane canke ishari ku bandi nico kigwanisho umwansi akoresha mukukubuza gutera imbere.

Icanditswe c'uyu musi kigutegeka kunezerwa mu Mwami. Kristo muri wewe ni we vyizigiro vy'ubwiza. Utitaye ku vyabaye muri kahise kawe, hanagura amarira yawe, uduze ibitugu, maze ukomeze uja imbere. Ufise amasoko y'ubuzima muri wewe, reka atembe mu vyerekeye ubuzima bwawe vyose. Fungura Ijambo ry'Imana, umuco wayo uzomurikira ahantu hose hari umwijima mu buzima bwawe. Garukana umunezero n'inguvu zawe ubu nyene, mw'Izina rya Yesu!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ubuzima bwanje burakingiwe n'ububasha buva hejuru. Ndanse kuba umunyantegenke, umunyabwoba canke uwugira isoni canke uwutinya. Nta kintu na kimwe coshobora kwiba umunezero wanjye. Ndafashe mu maboko ibijanye n'umunezero wanjye, kandi ndatembesha amasoko y'ubuzima ari muri jewe. Imisi yose ndanezererwa mu Mwami! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Nehemiya 8:10

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Matayo 23:1-25:13.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatanu, itariki 17 Gitugutu

GUTUNGANYA UBUTUNZI

Luka 16:11

Namba mutabaye abizigirwa kw itunga ribi mubikijwe, ni nde azobabitsa itunga nyaryo?

Ivyo udashoboye kujera canke gufata neza vyose, Imana izobikwaka. Niwakoresha nabi amafaranga, uzoyakwa. Umuntu wese atunze ni ikimenyamenya c'ubwizigirwa bw'ubumana kuvyerekeye ubutunzi n'amafaranga. Bibiliya mbere ivuga ko iyo udashobora gukoresha neza amafaranga, Imana ntishobora kukwizigira no kuvyerekeye ingabire za Mpwemu hamwe n'imihezagiro y'impwemu.

Fata ingingo ruhasha yo gutunganya no gutwara neza ubuzima bwawe. Tunganya kandi neza umwanya wawe, uhereye kumwanya wo gusenga gushika kumwanya w'akazi kawe, mu buryo bw'ubwenge. Ntuvangatiranye ibintu ngo unanirwe kumenya ibikwiye gukorwa imbere y'ibindi. Tunganya neza vyose, hama Imana izogufasha kuronka ibindi vyinshi. Uko usoma ubu butumwa bw'ubuvugishwa, ubuntu bwo gutunganya neza ivyerekeye ibango ryawe canke ibikorwa vy'Imana, umuryango wawe n'amafaranga yawe buriko burakuzako.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ubuntu bw'Umwami buri kuri jewe, kandi yanjeje imigisha y'umubiri n'iy'impwemu. Nkorera mu bwenge n'indero vy'Imana. Nkoresha neza ubutunzi bwose, umwanya wose, amafaranga, ibikorwa vy'Imana, n'imigenderanire, ku buhinga bwiza cane. Ndi umugabuzi w'umwizigirwa, kandi ibindi vyinshi biriko birashigwa mu maboko yanje, mw'Izina rya Yesu. Amen!

KUNONOSORA INYIGISHO

Zaburi 90:12

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Matayo 25:14-26:68.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatandatu, itariki 18 Gitugutu

IMANA YINYEGEJE

2 Ab'i Korinto 4 :7

Ariko dufise ubwo butunzi mu nzavya z'ibumba, ng'ubushobozi buhebuje bube ubw' Imana, butavuye kuri twebwe.

Rimwe mu makosa akomeye cane ni ukwizera ko ataco umaze imbere y'Imana. Iyo Imana ikuravye, iribona ubwayo. Intumwa Paulo arahishura ko dutwaye ubutunzi mu mibiri yacu yo kw'isi. Uyu mubiri wawe urimwo itunga ry'Imana, Imana ubwayo ! Uri imana yinyegeje !

Kuva uno musu, tangura kuvuga no kubaho nk'umuntu atwaye Imana muri we. Uri kure y'abantu basanzwe, kandi ukuroranjwe kwawe ni ngombwa kubeho. Iyo uvuga, ubikore n'ububasha, umenye ko uri umuvugizi w'Imana kandi ko hariho ububiko bw'ubuzima n'ububasha imbere muri we.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndi Imana yinyegeje, ububasha bwayo buba muri jewe! Inzira zanje n'imigambi yanje ni imigambi y'Imana. Ndi uwutwara ubutunzi bw'Imana, kandi ivyo nkorako vyose uno musu birahezagiwe. Mvugana ububasha bw'Ijuru, kandi ngaragaza ubukuru bw'Imana mu vyo nkora vyose, mw'Izina rya Yesu rikomeye ! Amen.

UKUNONOSORA ICIGWA

Zaburi 82 :6

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Matayo 26 :69-28 :20.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku musi w'Imana, itariki 19 Gitugutu

URUVYARO RW'IMANA

1 Petero 1 :23

Kuko mwavyawe ubwa kabiri, mutavyawe n'imbuto ibora, ariko mwavyawe n'imbuto itabora, mubiheshejwe n'ijambo ry'Imana ririho rigahoraho.

Igihe cose nama mbwira abantu ko iyo ugumije amaso kuri Kahise kawe, birangira wisanze hasi. Benshi bitwaza ko kunanirwa kwabo bivana na Kahise kabo canke imivumo y'umuryango. Ariko iyo uri muri Kristo Yesu, uba uri icaremwe gisha, wavyawe n'imbuto idashobora gushikirwa n'imivumo.

Fata ubuzima bwawe mu minwe, hama ushire Ijambo Ku gikorwa. Gumana uku kuri mu vyiyumviro vyawe : Ubu uri mw'ikoraniro ryiza ry'abahamagawe. Nta bukene, nta kunanirwa canke ingwara mu buzima bwawe Mw'Izina rya Yesu rikomeye.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Naratoranijwe n'Imana, nashizwe haruhande kubw'umugambi w'Imana. Navyawe n'imbuto itabora sinshobora kuvumwa canke kuzibirwa. Ndi hejuru y'imikorere y'isi, nta bukene, nta gutsindwa canke ingwara mu buzima bwanje. Ngendera mu ntsinzi, kandi intsinzi yanje ntihagarikwa, mw'izina rya Yesu ! Amen

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Petero 2 :9

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Mariko 1-3.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa mbere, itariki 20 Gitugutu

BIRENZE N'INKURU Z'EJO

1 Petero 1 :12

Abo vyahishuriwe ko atari bo ubwabo...

Imana yaduhaye agateka ko kuba abafise uruhara runini mu vy'ubuvugishwa. Kubera ubuntu bwiwe, twasohoye ubuhanuzi butagira uko bungana, ubw'isi yose n'ubw'umuntu ku giti ciwe; vyose vyarashitse. Videwo zose z'ubuvugishwa twakoze zama zivugako: “Birenze n'ikinyamakuru c'ejo, ikoresha na Mpwemu Yera.” Kubera iki? Kuko mwene ukwo kuvugishwa gutomoye gushoboka gusa biciye ku bubasha bwa Mpwemu w'Imana.

Icanditswe c'uyu musu kirahishura nimba hari ukuri kuriho ubu, rero hategerezwa kubaho n'ukuri kwa kera n'ukwo muri kazoza. Ikibabaje ni uko abakirisu benshi babaho mu kuri kwa kera. Ntibamenya ko gukira n'imihezagiro yose yo mu mpwemu ari ivyabo muri Kristo.

Iyo ugiriranira ubucuti na Mpwemu Yera, araguha amakuru y'ubu, akaguha amakuru y'ukuri, kandi akaguha amakuru yerekeye amahera yawe, umuhamagaro wawe, urudandazwa rwawe, n'ibindi vyose. Shira umwanya mw'ijambo no gusenga ku musu ku musu, nawe, uzoba uri ku rugero rwo hejuru kuruta ikinyamakuru c'ejo.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Kazoza kanje karatekanye, kuko ndiko ngendera mu bugombe bw'Imana butunganye. Gutsindwa si umugabane wanjye. Nzokwama nzi ico nkora, igihe co kubikora, n'ingene nobikora, mw'Izina rya Yesu. Amen!

KUNONOSORA INYIGISHO

Zaburi 37:23

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Mariko 4 :5

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, itariki 21 Gitugutu

UMURWI W'IMBERE

Mariko 1:35

Mu gitondo, avyuka hakiri kare, arasohoka, aja mu gahinga, asengerayo

Imbere yuko umukuru w'igihugu canke umunyacubahiro agendera ahantu, hariho umurwi w'imbere ubanza kugenda kuraba uko aho hantu hameze kandi bakaraba ko vyose bimeze neza. Uwo murwi uramenya ingorane zishobora gushika kandi ukazikinga. Natwe nyene, mu ngendo yacu y'ukwizera, turafise umurwi wacu w'imbere, isengesho. Isengesho ni umurongo w'impwemu uja imbere yacu kugira ngo utegure kandi udukingire mu ntambuko zacu no gutorera umuti ingorane iyo ari yo yose.

Yesu yaravyuka kare mu gitondo kugira ngo asenge, arungika umurongo wiwe imbere kugira ngo ashobore guhangana n'ingorane n'ingwara imbere y'uko ahura na zo. Isengesho ryamushize mu kibanza c'intsinzi imbere y'uko umusi utangura. Fata umwanya wo gusenga ubu. Rungika ingabo z'impwemu imbere kugira ngo ushireho umusi wawe kandi ushireho ingaruka zawe, mw'Izina rya Yesu.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndarungika amasengesho muri kazoza kanje; inzira yanje iratekanye, ubuzima bwanje buri ku rutonde. Intambwe yose ntera irateguwe imbere y'igihe kugira ngo ntsinde. Nshira abafasha b'Imana mu bibanza vy'ingenzi, kandi nta nzitizi ishobora guhangana n'ububasha bw'umugwi wanjye w'imbere. Igita ngaza canje kiremewe, mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Kuvayo 23 :23

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Mariko 6-7

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu, itariki 22 Gitugutu

UBUKURU BW'IJAMBO

Zaburi 138 :2

Nzosenga ntumbereye urusengero rwawe rwera, nshime izina ryawe kubera ubuntu bwawe n'ukuri kwawe, kuko washize hejuru ijambo ryawe n'izina ryawe kubirutisha ibindi vyose.

Ikintu conyene Imana yaduhaye ngo dukoreshe ni Ijambo ryayo. Ntidukoreshe Imana ku bushobozi bwacu bwite, ahubwo ni kubera ko ari yo yabishizeho ngo bibe uko. Nk'uko Izina ryiwe riri hejuru y'ayandi mazina yose yo mw'Ijuru no kw'Isi, hari ikintu yashize hejuru cane, Ijambo ryiwe.

Imana ikorera mw'Ijambo ryayo kandi ntikora hanze yayo. Zaburi 138 :2 havuga ko yashize hejuru Ijambo ryayo hejuru y'Izina ryayo. Rero, iyo ugiye kurondera Ijambo, uronka ububasha bwo gukoresha uburyo mu vy'impwemu. Senga ukurikije Ijambo ryiwe, kandi amategako y'impwemu afasha Imana gushitsa ivyo yavuze mw'Ijambo ryayo. Genda mw' Ijambo, ntaneka uzogaruka ufise intahe.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ijambo ry'Imana ni ryo risumba vyose, rirahagije, kandi rirafise ububasha mu kamere karyo. Mpisemwo kuja mw' Ijambo, kandi intahe yanje irahamye. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaheburayo 4:12

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Mariko 8 :1-10 :12



Ku wa kane, itariki 23 Gitugutu

INZAMBA YA NYUMA

1 Ab'i Korinto 15 :52

Mu kanya nk'ako gukubita urugohe, mu gihe c'inzamba ya nyuma : kuko inzumbete izovuga, abapfuye bazozuka batabora, natwe tuzohinduka.

Iyo bibiliya ivuze"inzamba ya nyuma" bivuzeko haba habayeho izindi. Iyi nzamba ya nyuma izovuga mu kuduganwa mw'ijuru, kandi ndasenga ko uri mu rugendo rwa mbere. Aiko nimba hari inzamba ya nyuma, ikibazo canje ni iki, iyo ya mbere twayumvise ryari ?

Bavukanyi, hari inzamba nyinshi zivuga hiryana no hino n'ubu, rimwe na rimwe tukibagira kuzitaho canke tukazirengagiza. Ijambo twamamaza ryerekeye kuduzwa kwegerereje, risanzwe ari inzamba. Iyo umugenzi wawe aguhimiriza gusenga, canke uwo mwubakanye akakugabisha ngo uce imigenderanire imwimwe, iza na zo nyene ni inzamba. Niwiteho inzamba yose, uzororaniwa gushika mu kuduzwa igihe Shobuja azoguhamagara muhira.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Impwemu yanje ni nzima kandi irakora ; Sinzobura ijwi na rimwe ry'agaciro rinkikuje. Nja hejuru sinigera manuka mw'izina rya Yesu. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Mosi 6 :1

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Mariko 10 :13-12 :12



Ku wa gatanu, itariki 24 Gitugutu

MPWEMU NK'UMWANA

Luka 18 :16

Ariko Yesu arabahamagara, arababwira ati : Nimureke abana bato baze kuri jewe, ntimubabuze, kuko Ubwami bw'Imana ari ubw'abameze nka bo.

Woba umaze kubona ingene umwana muto ashobora kwemera ikintu cose umubwiye ? Niwavuga ngo ugiye gusuma uzogarukana indege nyayo, azorindirana ukwitega kwinshi. Amakenga ntabwo ari mw'isi y'umwana ; ijambo ryose rifatwa nk'ukuri.

Ubwami bw'Imana si ubw'abafise imitima ibiri ahubwo ni ubw'abafise ukwizera nk'umwana, abantu bizera bishitse ivyo Imana ivuga kandi badashobora kwigera banyeganyega.

Ivy'impwemu ntibisaba iviyumviro bihuje n'ubwenge ; ntibitahuritse, ariko bigira ukwizera. Kura amakenga n'ugutahura nabi uno musu, hama ukwizera kwawe kuzovamwo ivyiza mw'Izina rya Yesu.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Umutima wanjye n'impwemu yanjye biriteguye kwakira umuhezagiro wose Imana yampaye. Nizera n'ukwizera nk'ukw' mwana, ata gukekeranye. Ngenda mu kwitega kwose kandi nzobaho mu musesekara, mw'Izina rya Yesu ! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Yohana 5 :14-15

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Mariko 12 :13-14 :11



Ku wa gatandatu, itariki 25 Gitugutu

ISEZERANO RY'IMANA RITUNGANYE

Abanyefeso 1 :23

Kandi ishengero ni umubiri wiwe ; ryuzuye kandi ryuzuye na Kristo, yuzuza vyose hose na we nyene.

Abantu benshi baracari m'ukuri kwo mw'Isezerano rya Kera. Bari mu buryo bwo gutegeka amasezerano y'Imana ngo ashike mu buzima bwabo. Ariko none, hari isezerano vy'ukuri Imana yaduhaye ? Urashobora kuba ufise ivyiyumviro bitagira uko bingana ku bijanye n'ivyo wemera ko ari amasezerano y'Imana. Ukuri ni uko kuri twebwe nk'abakristo bo mw'Isezerano Rishasha, nta sezerano ririho kiretse Yesu Kristo ubwiwe.

Muri Kristo turaronka umuhezagiro wose n'isezerano ryose twashobora gukenera. Ni we kunengesera kw'Ubumana, ni we mubiri w'imihezagiro yose yo kw'isi no mw'ijuru. Iyo ufise Kristo, uba ufise vyose ! Ubu rero ni igikorwa cawe gukora no kugaragaza umuhezagiro Imana yaguhaye biciye muri Kristo.

Biciye mu gusenga, mu kwiga Ijambo, no mu gukurikiza ingingo ngenderwako ziwe, umuhezagiro wose n'isezerano ryose muri Kristo rizogaragara mu buzima bwawe.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Kristo muri jewe niwe vyizigiro vy'ubwiza bwose. Muri We, isezerano ryose rirashika, umuhezagiro wose ukaba wuzuye. Nta ciza na kimwe nzobura mw'Izina rya Yesu ! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abakolosayi 1 :27

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Mariko 14 :12-15 :47

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku w'Imana, itariki 26 Gitugutu

UBUTUNZI BUDASERANGURIKA

Abanyefeso 3 :8

Nahawe ubu buntu, jewe ndi umuto kuruta abandi bose, ngo mbwire abanyamahanga ubutunzi butagira budaserangurika bwa Kristo ;

Amahanga yose kw'isi arwanira uburenganzira bw'amabuye y'agaciro buri musi. Ivyimburwa bishasha vy'ibisigazwa biriko birakorwa buri gihe. Yamara, ivyo ni agace gatoyi gusa k'imihezagiro Imana itanga kw'Isi. Bibiliya ivuga ubutunzi butagira uko bungana bwa Kristo, ubutunzi butagira iherezo buboneka muri we. Ivyo ni uguterimbere kwose, gupfuka amagara yawe, amahera yawe, n'ibindi.

Iyo wakiriye Yesu Kristo, si uguhinduka kw'impwemu gusa ahubwo ni uguhinduka gushitse ku buzima bw'umusesekara n'amahoro. Ndategeka kandi ndatura ku buzima bwawe ko ivyo wipfuzaga vyose bihuye n'Ijambo ry'Imana ubironka mw'Izina rya Yesu.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Inywa mu mariba y'agakiza kandi ikintu cose kinyerekeye kiriko kiranzako. Ivyo nkeneye vyose n'ivyo nipfuzaga vyose ndabikura mu butunzi butagira uko bungana bwa Kristo. Isezerano ryose ry'Imana kuri jewe muri Kristo ni 'Ego!' na 'Amen!'.

KUNONOSORA INYIGISHO

2 Petero 1 :3

GUSOMA BIBILIYA MU MISI 365

Igisomwa c'umunsi: Mariko 16; Luka 1



Ku wa mbere, itariki 27 Gitugutu

BIRENZE KURE Y'UMUNTU

2 Ab'i Korinto 5:17

Ni co gituma umuntu wese ari muri Kristo, aba ari ikiremwa gishasha: ivya kera biraheze; raba, vyose vyabaye bishasha.

Ikiremwa muntu kirashobora gushikirwa n'ubwoko bwose bw'ivyago n'ugutsindwa. Imwe mu nzira nyamukuru umwansi akoresha ni ukukwibutsa ko uri umuntu gusa, wavutse mu nyama n'amaraso. Iyo umaze kwemera ivyo, uca wiyemeza ku mwami w'iyi si, hama gutsindwa ntibireka kugushikira.

Ariko rero, Ivyanditswe bimenyesha ko uri ikiremwa gishasha muri Kristo, kirenze umuntu. Ijambo ry'ikigiriki ni kainós, risobanura ikintu gishasha cane kitari bwigere kibaho. Ushobora kuba waracumuye ejo gusa canke mbere mu masaha makeyi aheze, ariko reka uku kuri gushinge imizi: uwa kera yaraheze. Wahinduwe musha.

Subira wigirire icizere kandi unezererewe umuhezagiro wose w'Imana!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndi ikiremwa gishasha muri Yesu Kristo! Kahise kanje kabi karafutwa n'ububasha bwa Mpwemu Yera. Sinkihagarikwa n'intege nke canke ukunanirwa kw'abantu. Nkorera mu karere ko hejuru!

KUNONOSORA INYIGISHO

Gucura Intimba 3:22-23

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Luka 2-3.



Ku wa kabiri, itariki 28 Gitugutu

ISOKO Y'INYISHU YAWA

Kuvayo 14:15

Uhoraho abaza Mose ati: Kuki untakambira? Bwira Abisirayeli, bakomeze bagende.

Abisirayeli bashikiwe n'ingorane yabo ikomeye cane; bari batezwe n'ikiyaga imbere, bakurikirwa n'Abanyegiputa bari inyuma. Biyumvira ko kuva muri Egiputa ari intsinzi kuribo, gusa baca bamenya ko umwansi ataco akora. Mbere n'umuvugishwa Mose yararondeye inyishu, ariko inyishu y'Imana yari ikaze: “Kubera iki undirira?”

Imana yarabisobanuye neza, ntaco bimaze kundirira; subirayo ukosore Aho ikibazo kiri. Inyishu isanzwe iri kumwe nawe.

Ivyari ukuri kuri Mose ni ukuri kuri wewe: iki si co gihe co kuririra Imana ngo iguhe inyishu. Ni igihe co gukoresha uburenganzira bwawe bw'Imana no guhindura ubuzima bwawe. Umuti nyawo usanzwe uri muri wewe, kandi Imana yaraguhaye ububasha bwo guhindura uko ibintu bimeze. Ugurura akanwa kawe, uvuge ubuzima, kandi ukomeze gutera imbere!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Akanwa kanje ni ikaramu y'umwanditsi yiteguye. Ndi uwutwara inyishu. Ndategeka kandi ndatura inyishu ku kintu cose gifitaniye isano nanje n'umuryango wanjye mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Luka 10:19

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Luka 4 :1-6 :26

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu, itariki 29 Gitugutu

HIRYA Y'IBISANZWE

1 Ngoma 4 :9-10

Yabesi yarusha icubahiro bene nyina; kandi nyina yamwise Yabesi, kuko yavuze ati: “Namushikanye bingoye” ...

Isi irafise insiguro yayo y'ibintu “bisanzwe”, igipimo bamenyerako uko ibinti bizomera canke uko vyagomba kumera. Iyo ikintu kidasanzwe kibaye, gica candikwa mu gitabu ca Guinness. Umuryango wa Yabesi wakurikiye uburyo “busanzwe” bushobora kumenyekana: urunganwe ku rundi rwavuye gusa uwukurikira. Nta kintu na kimwe cari kigaragara, gushika kuri Yabesi. Yaranse gukurikiza ivyo abantu basanzwe bavuye, aca asaba Imana ngo yagure itongo ryiwe. Kubera ivyo, Bibiliya ivuye ko yari afise icubahiro kurusha benewabo.

Ndaguteye intege uno musu ngo uve mu vyo usanzwe ukora. Ushobora kuvuka mu muryango umwe n'incuti zawe, ariko iherezo ryawe riratangira. Ukuroranyirwa kwawe kuzoba ukwa mbere mu bavukanyi bawe. Imana iriko iragukura mu nzira y'ibisanzwe mw'Izina rya Yesu!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Sindi umuntu asanzwe! Nzobaho birenze ivyo isi yiteze. Kubera ububasha bwa Mpwemu Yera, ndasenyura umupaka wose w'amadayimoni mw'Izina rya Yesu. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Daniyeli 1:20

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Luka 6:27-8:25

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa kane, itariki 30 Gitugutu

UMUGAMBI W'UBWAMI

2 Ngoma 1:10

None rero ndagusavye umpe ubwenge no gutahura, kugira ngo menye iyo bija n'iyi biva muri aba bantu. None ni nde yoshobora gucira imanza iri hanga ryawe, n'ukuntu ari irihambaye?

Abantu benshi barabura imihezagiro y'Imana kubera impamvu zirinyuma yivyo basaba. Imana irashigikira, igakingira kandi igateza imbere umugambi wayo. Igihe usavye imodoka nshasha canke inzu nini, ni kubera iyihe mpamvu? Mbega ni ukugira ngo abagenzi bawe babone canke wiyerekane hirya no hino mu kibano cawe?

Salomo yasavye ubwenge, atari kugira ngo ashimagizwe nk'umunyabwenge mu gihe ciwe, ariko kugira ngo aragire abantu b'Imana uko bikwiriye. Impamvu yiwe yari ibereye, kandi ico yasavye cari gifise intumbero y'ubwami. Nico gituma Imana yabimuhaye kandi ikamwongerera nibindi vyinshi.

Imana iriko irarondera abantu bafise umutima ushira imbere ubwami bwayo. Igihe intumbero yawe ihuye n'intumbero yiwe, uraronka ugutoneshwa kw'Imana. Si ku bijanye n'ubunini bw'ivyo usaba ariko ni umugambi uri inyuma yavyo. Rero kuwa uno musu, urabe neza ko ikintu cose usaba Imana gifatanye n'intumbero y'Ubwami, izokiguha ata nkeka.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Amafaranga afatanye n'igikorwa aranzako. Impamvu yanje yo kubaho ni kugira ngo nkorere Imana nibi mbamwo vyose mw'Izina rya Yesu. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

ZABURI 69:9

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Luka 8 :26-10 :16

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa gatanu, itariki 31 Gitugutu

UMUSI W'IMPEMBO

Abo I galatiya 6:9

Twame dukora ivyiza, ntiducike integer, kuko igihe nicashika tuzokwimbura, nitutarambirwa

Gukorera Imana bizanana n'impera yizewe. Gukora igikorwa harimwo ibirenze kuvuga ubutumwa uri imbere y'ishengero. Gutanga, kuririmba muri korari, n'ikintu cose gikozwe mu rukundo kubera kwitangira Imana ntikizoba impfa gusa. Ijambo ry'Imana ritubwira ngo ntutarambirwe mu gukora ivyiza, kuko impera izoza. Ivyo bisigura ko bishoboka ko umuntu arambirwa. Bamwebamwe barabivamwo vuba cane, batazi ko basigaje amasaha makeyi gusa kugira ngo baronke impembo yabo. Ntubwira umwe muri bo.

Fata ingingo yo gukorera Imana n'umutima wawe wose. Impembo yawe iriho ntanekera, muri ubu buzima no mu buzoza. Ntureke ngo ingorane zihari ubu ziguze intege, kuko umusi wawe w'impera uriko uraza. Ndasenga kandi ndavugishwa ko impembo yawe ari ubu, mw'izina rya Yesu.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Umutima wanjye wishize ku nzira ntegerezwa gukurikira; Nzobandanya gukorera Imana n'umutima wanjye wose. Igihe canje c'impera nubwira nyene mw'izina rya Yesu. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 2 :6

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Luka 10 :17-12 :12



Ku wa gatandatu, itariki 1 Munyonyo

UBUNTU BW'IMANA NI INGABIRE, SI IMPEMBO

Abanyefeso 3 :7

Nacutse umukozi wabwo, nkukw'ngabire y'ubuntu bw'Imana nahawe, nkuk'ubushobozi bwayo bukora.

Ubuntu ni ugushigikigwa kw'Imana tutakoreye, tudakwiriye. Abanyefeso 2 :8-9 hamenyeshya ko ari ubuntu bwadukijije, atari kubera ibikorwa vyacu (ivyo dukora), ariko kubera ivyo Kristo yakoze. Ubuntu butwibutsa ko urukundo rw'Imana rudashingiye ku bikorwa. Buradushigikira mu kunanirwa kwacu bukatuduza mu mugambi w'Imana. Ubuntu bw'Imana burababarira kahise kacu, bugaha ubushobozi unomusi hacu, kandi bugakingira kazoza kacu.

Ntituronka ubuntu ; turabwakira. Iyo twakiriye ubuntu bw'Imana, turabohorwa n'isoni, tukaronka ubushobozi bwo kubaho mu kugororoka. Ubuntu ntibuduha uruhusha rwo gukora icaha ; buduha ububasha bwo kukinesha. Buri muni ni akaryo gashasha ko kugendera mu buntu. Ryohererwa ubuntu bw'Imana ; ni urukundo rwayo rwigendera.

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Ndakiriye ubuntu bw'Imana nahawe biciye mu bikorwa biheze vya Kristo. Ndapfutswe bimwe bishitse muni y'ubuntu bw'Imana. Ivyo nkora vyose, ndatsinda ! Aleluya !

KUNONOSORA INYIGISHO

2 Ab'i Korinto 3 :5

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Luka 12 :13-14 :11



Ku w'Imana, itariki 2 Munyonyo

IMANA IRAHEMBA UKUDAHEMUKA

Abanyefeso 6 :10

Ibisigaye, muremesherezwe mu Mwami wacu, no mu bushobozi bwiwe bwinshi

Ukudahemuka ntikwigerira kwibagirwa n'Imana. Abaheburayo 6 :10 haratwemeza yuko Imana itarenganya ; Ntizokwibagirwa igikorwa cawe n'urukundo wayigaragarije. N'igihe abandi birengagiza akigoro ugira, Imana irabona igikorwa cose c'ubudahemuka.

Ukudahemuka bisigura kuguma munzira y'ubugombe bw'Imana, n'igihe vyoba bigoye. Ukudahemuka mu bigeragezo no mu ngorane bizana ugushirwa hejuru kw'Imana bikagushira hejuru y'abandi. Ukudahemuka ntivyama bisa neza, ni ukwitaba, kuguma ushikamye, no kwumvira n'aho ata n'umwe agukomera amashi. Yamara, mu Bwami bw'Imana, izo ngeso zituma umuntu aduzwa mu ntebe iramba.

Ab'i Galatiya 6 :9 haraturemesha hati : "twame dukora ivyiza, ntiducobogore, kukw'igihe nicashika tuzokwimbura, ni tutarambirwa" Inyungu yawe ishobora kutaza ubwo nyene, ariko iri garanti. Ijuru ririko riraraba. Guma mu nzira yo. Niwizere igihe c'Imana. Igikorwa mu Mwami ntikizokwigera gipfa ubusa.

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Niyemeje kuguma munzira yo. Nzotera intambwe kandi nkore gushika igitangaza canje kigaragaye. Sinzoruha canke ngo ndekure. Ndatsinda, ndusha uwutsindirwa mw'Izina rya Yesu ! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 2 :7

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Luka 14 :12-16 :31

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa mbere, itariki 3 Munyonyo

BAREMEWE MW'ISHUSHO Y'IMANA NGO BATEGEKE

Yobu 33:4

Mpwemu w'Imana ni we yandemye, kand'uguhemuka k'Ishobora vyose ni kwo kwampaye ubugingo.

Kuva mu ntango, Imana yaremye umuntu afise intumbero n'ububasha. Itanguriro 1:26 havuga hati: "Tureme umuntu mw'ishusho yacu... kugira ngo aganze." Kuba waremwe mw'ishusho ry'Imana ni ugushingwa n'Imana kugira ngo uganze.

Ishusho ry'Imana muri twebwe ryerekana kameremere kayo, ubwenge bwayo, ubuhinga bwayo bwo kurema, ubukuru bwayo, n'ukugororoka kwayo. Ntiyaturemye ngo tube abashikiwe n'ivyago ahubwo ngo tube abatsinzi. Ubutegetsu bwari intumbero yambere y'Imana ku bantu, kandi iyo ntumbero iracariho. Ku bw'ivyo, nukungere n'ubunyankamugayo kandi uhanure abandi mu buryo bwiza cane.

Ukugwa kw'abantu ntikwafuse ishusho ry'Imana; kwararihengamitse. Ariko biciye kuri Kristo, turasubirana, ubutware bwacu buracungurwa (Abaroma 5:17). Ntiwaremwe kugira ubeho mu bwoba, mu kunanirwa, canke mu bukene. Waremwe guhaguruka, kwubaka, kurongora, no guhingura isi yawe. Gendera mu karanga kawe k'ubumana. Vugana ububasha. Fata ingingo ushigikiwe n'Ijuru. Mpwemu w'Imana muri wewe aragarura ubutware bwawe.

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Naremwe mw'ishusho y'Umwami. Mbaho nkuw'ibwami; Ndongorana ubwenge, ngendera mu ntumbero, kandi mpanurana ubuntu mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Zaburi 104:30

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Luka 17 :1-19 :27

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, itariki 4 Munyonyo

IMANA N'URUKUNDO, NIKO KARO-RERO KACU

Yohana 15:13

Nta wogira urukundo ruruta urwuk'umuntu yigura abakunzi biwe

Ugire umutima w'uko Imana itagaragaza urukundo gusa, ni urukundo. 1 Yohana 4:8 havuga hati: “Uwudakundana, ntazi Imana, kukw’Imana ar’urukundo.” Kamere kiwe ni yo ngero nyakuri y’urukundo, si inyiyumvo z’umuntu canke ubuntu bw’igihe gito. Ku musaraba, Imana yerekanye igikorwa c’urukundo gihambaye kuruta ibindi vyose: igihe twari tukiri abanyavyaha, Kristo yaradupfiriye (Abaroma 5:8).

Urukundo rw’Imana ruradushira hejuru y’urwanko. Urwanko ruratandukanya abantu; urukundo rurabahuza. Urwanko rurasambura; urukundo rurubaka. Urukundo rw’Imana rurashobora kunesha umwijima wose uri mumutima kandi rugakiza ibikomere vyimbitse. Iyo tugendera mu rukundo, tuba turiko turamugaragaza. 1 Yohana 4:20 hatwibutsa ko tudashobora kuvuga ko dukunda Imana mu gihe twanka abandi, urukundo ni ikimenyamenya c’ukwizera.

Mugusozera umwaka, hitamwo kureka urukundo rw’Imana rwidengemvye muri wewe, no mubihe bigoye.

UKWATURA KW’UBUVUGISHWA

Urukundo rw’Imana ruri muri jewe rurakomeye kurusha urwanko urwo ari rwo rwose runkikuje. Nshinze imizi mu rukundo rw’Imana, kandi ndaneshya urwanko ibihe vyose mw’Izina rya Yesu. Himbaza Umukama. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yesaya 53:10

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c’umunsi: Luka 19:28-21:9.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu itariki 5 Munyonyo

NAREMWE N'INTUMBERO Y'IMANA

Abafilipi 2:13

Kukw'Imana ari yo ikorera mu mitima yanyu, ikabaha gukunda no gukora ibiyihimbara

Nturi impanuka; uri ikiremwa c'Imana kigamije. Yaratunganije ubuzima bwawe, akaguha inguvu z'urukundo, akayobora ingingo ufata, kandi akagushingira intahe mu ngorane.

Intumbero y'Imana ntiyinyegeje; imenyerwa mu kugendana na we, mu kurondera ubugombe bwiwe mu gusenga, mu gusoma Ijambo, no kwumvira ijwi ryiwe. Musa yaronse intumbero mu bugaragwa, Esiteri mu kirimba, Dawidi na we mu kibuga c'intambara. Aho woba uri hose Imana irashobora guhishura intumbero yawe. Ntukeneye kuyihingura; gusa wihebere ubushake bwayo maze iguhishurire.

Waremewe muri Kristo Yesu kugira ukore ibikorwa vyiza wateguriwe gukora (Abanyefeso 2:10). Intumbero yiwe ku buzima bwawe ni nini kuruta ukunanirwa canke uguceregwa kwose. Acungura umwanya wose w'ugukevya kandi akora vyose ku neza yawe. Fata uku kuri muruyu mwaka woguca amasheni!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Naremwe mfise intumbero; ubuzima bwanje buri mu mugambi w'Imana, kandi Izoheza ivyo yatanguye muri jewe mu mwaka wo gucagagura iminyororo, mw'Izina rya Yesu. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 8:28

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Luka 21 :10-22 :46

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kane itariki 6 Munyonyo

IBICANIRO NK'IBIBANZA VYO GUHURIRAKO

1 Samweli 7:12

Maze amweli yabira ibuye, arishinga hagati y' iMisipa n'iSheni, aryita Ebenezeri, ati kugeza n'ubu Uhoraho aradutabaye

Ibicaniro vy'impwemu ni ahantu h'uguhura n'Imana aho luru rihurira n'Isi, umuntu agasangira n'Imana. Mu Vyanditswe, ibicaniro vyari ikimenyetso c'ibihe vyeranda vy'isezerano n'ukugenderwa. Uretse ko vyari inyubakwa z'umubiri, vyagereranya ukwiyegeza mu vy'impwemu. Uyu musu, twubaka ibicaniro vy'impwemu biciye mu gusenga, mu guhimbaza, mu kwisonzesha no mu kwitanga, dutumira ukuhaba kw'Imana gukora.

Ibicaniro ni ivyibutso vy'isezerano ry'Imana n'ukubaho kwayo. Iyo tuvubutse mu mihana yacu, mu mitima yacu no mu ngeso zacu, turarema ikibanza Imana Ibamwo kandi iturongoreramwo. Bikora nk'ivyibutso, bikadusubiza ubuzima bushasha mu kwizera kwacu no mu gukomera kwacu mu vy'impwemu. Reka igicaniro cawe kube imfuruka yawe yo gusenga, umwanya wawe wo gusenga, n'ukwitanga kwawe kwaminsi yose, hanyuma urabe ububasha bw'Imana bugaragara mu buzima bwawe, mu rugo rwawe no mu butunzi bwawe.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Muri uyu mwaka wo gucagagura iminyororo, igicaniro canje kizomvugira. Ndazi ko Imana yanje izonzura ku gicaniro n'ububasha, intumbero n'amahoro. Himbaza Umukama! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yosuwa 4:7

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Luka 22 :47-24 :23

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatanu, itariki 7 Munyonyo

KWIZERA BIRAHIMBARA IMANA

Itanguriro 15:6

Yizera Uhoraho, Uhoraho abimuharurako nk'ukugororoka

Ukwizera ni ryo shingiro ry'ubucuti dufitaniye n'Imana. Abaheburayo 11:6 havuga hati: « Utagira ukwizera ntushobora guhimbara Imana ». Ukwizera kurarenga ukwemera, ni ukwizigira, ukwihebera, no kwiyezeza ku bugombe bwiwe. Imana ntiraba inyiyumvo canke ivyemezo ahubwo iraba ukwizera. Iyo twizigiye Imana bimwe bishitse, no mu bibazo, turazana umunezero mu mutima wayo. Ukwemera gutera iteka Imana kuko kwemeza kamere kayo. Bivuga ngo: « Mana, ndakwizigiye, naho ntabona ibiri muri kazoza ».

Ukwizera kwugurura inzugi z'ibitangaro. Yesu kenshi yaravuze ati: "Ukwizera kwawe kuragukijije." Ntiyasaba ko umuntu atungana, ahubwo yasaba ko agira ukwemera gusa. Ukwizera si impumyi; n'imizi mu budahemuka bw'Imana bwagaragaye. Ibuka ivyo yakoze kandi ivyo bigufashe kwizigira mu bizoza. Haba ugutera imbuto, gusenga, gukira, canke kurondera kuduzwa, ukwizera kwubahiriza Imana, Imana na yo ikwubaha ukwizera.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndatura Ijambo ry'Imana, ndizera amasezerano yayo, kandi ndizigira igihe cayo. Nizera Imana ikomeye. Mbaho kugira ngo ndamunezereze; rero, ndabeshwaho n'ukwizera. Aleluya! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 4:3.

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Luka 24 :24-53 ; Yohani 1 :1-2 :11

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatandatu igenekerezo, 8 Munyonyo

JEHOVA RAFA

Zaburi 103:3

Ni We aharira ibigabitanyo vyawe vyose, agakiza indwara zawe zose

Rimwe mu mazina y’Imana ahumuriza cane ni Jehova Rafa, “Imana Ikiza.” Gukiza si ivyo Imana ikora gusa, nico Iri. Gukiza kw’Imana kurarenga ivyo ku mubiri; Ikiza abavunitse umutima (Zaburi 147:3), Igasubiza amahoro yo mu mutwe (Yesaya 26:3), kandi Igakiza ibikomere vyo mu vy’impwemu biciye mu kubabarira. Mbere Irakiza amahanga. Gukiza kwayo kuroroshe, kuruzuye, kandi kuraboneka mu mpwemu, ku mutima no ku mubiri.

Umusaraba wa Kristo ni co kimenyetso nyamukuru c’ugukira. Yesaya 53:5 havuga ngo: « Mubikomere vyawe niho twakirijwe ». Yesu yikoreye indwara zacu n’imibabaro yacu kugira ngo tubeho mu buryo bushitse. Gukira bishobora kuba mu buryo bw’igitangaza canke buhoro buhoro, ariko kwama guterwa n’urukundo n’impuhwe. Rimwe na rimwe ugukira kuri indani kandi ntikuboneka, ariko ntikubuza ububasha.

Rero ko turiko turasozera umwaka wo gucagagura iminyororo, niwizere Jehova Rafa. Vuga Ijambo ryiwe uhagarare mu kwizera, kuko ugukira gutemba aho ukwizera gukura.

UKWATURA KW’UBUVUGISHWA

Ngendera mu buzima bw’amagara y’Imana; Ububasha bwa Jehova Rafa bwo gukiza buraca mu nzira yose y’ubuzima bwanje, ubu n’ibihe vyose. Ku bw’ivyo rero, indwara iri kure yanjye mw’Izina rya Yesu. Amen!

IVYO KWIGIRA IVYO KWIGIRA

Itanguriro 15:26

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c’umunsi: Yohana 2:12-4:38.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku w'Imana, itariki 9 Munyonyo

GUTANGA BIREREKANA UMUTIMA W'IMANA

Hagayi 2:8

Aafeza n'ayanje, n'amazahabu nyene n'ayanje, ni k'Uhoraho nyen'ingabo agize

Gutanga vyerekana kamere y'Imana nyene. Ivyanditswe bitangaza ngo: «Kuko Imana yakunze isi cane, itanga...» (Yohana 3:16). Ku muzi w'ubucuti Imana ifitanye natwe hari umutima wayo w'ubugwaneza. Iyo dutanga, yaba umwanya, italanto canke ubutunzi, tuba turiko turigana kamere kayo kandi tugateza imbere ubutumwa bwayo bw'urukundo n'ugucungura.

Umwami Dawidi yaramenye ukwo kuri, ati: «...Ibintu vyose biva kuri wewe, kandi twaguhaye ibiva mu kuboko kwawe gusa» (1 Ngoma 29:14). Kubona ibintu murubu buryo bihindura iviyumviro vyacu bikava kubutunzi bikaja k'ubugenzuzi.

Gutanga bihuza imitima yacu n'ivyo Imana ishira imbere, bituma turushiriza kwizigira Imana, kandi bihishura aho ukwitanga kwacu kuri (Matayo 6:21). Gutanga mumashengero, mubikorwa bitandukanye canke mubakene birafasha kwubaka ubuzima, imibano n'amahanga. Ishengero riratera imbere biciye mu budahemuka bw'abatanga banezerewe kandi babiba mu migambi y'Imana ata buryarya. Reka gutanga bibe ubuzima bwawe bw'umunezero.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ugutanga kwanje ni intahe igaragaza ukwemera mfise mu Mana. Ugutanga kwanje kurubaha Imana, kurahezagira abandi, kandi kurampindura kuva indani muri jewe gushika hanze! Ndatanga kenshi kubw'Ubwami bw'ijuru! Himbaza Imana! Amen

KUNONOSORA INYIGISHO

Zaburi 24 :1

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Yohana 4 :39-6 :51

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa mbere, itariki 10 Munyonyo

UBUSHOBOZI BW'AMASENGESHO YIMITSE

Abaroma 12:12

Munezererwe kwizigira ibizoza; mwihanganire amagorwa; mushishikare gusenga

Naravuze kenshi ko “satani” atari izina ry’umwansi ahubwo ni insobanuro y’akazi kiwe. Bisigura uwuguma atera incuro nyinshi gushika aho amenagura. Ukwo n’ugushikama. Na twebwe nyene, gusenga udasiba kugaragaza ukwizera kudahera mu masezerano y’Imana. Yesu Kristo yaradusangije umugani w’umupfakazi w’umunyaruyeri kugira ngo aturemeshe kwama dusenga kandi ntitwigere tureka (Luka 18:1).

Gushikama mw’isengesho si ugusubiramwo; ni ugushira icizigiro cawe ku Mana. Irumva amarira yawe ariko kenshi ikoresha ukwihangana kugira ngo itunganye ingeso zawe kandi irushirizeho kuguha ukwizera uyifitiye.

Uko dukomeza gusenga, imitsi yacu yo mu vy’impwemu irakomera. Ivyiyumviro vyacu birahindukira bikaja ku bintu vy’ibihe bidahera, maze isengesho rikaba ugusangira na Data kuruta kuronka inyishu gusa.

Paulo avuga ati : « Musenge ubudasiba » (1 Ab’i Tesalonike 5 :17). Ico gihagararo co gusenga cubaka ukwihangana, gituma ubucuti n’Imana bukomera, kandi bikadufasha gutahura umwanya wayo. Gusenga utarekura bibe intahe yawe.

UKWATURA KW’UBUVUGISHWA

Sinzokwigera nihenda ngo uguceceka kw’Imana n’uko Idahari. Nzoguma nsenga. Nzohuza isengesho ryanje n’ubugombe bwayo. Igitangaza canje kizoshika koko muri uyu mwaka wo gucagagura iminyororo. Shima Umwami ! Aleluya.

IVYO KWIGIRA IVYO KWIGIRA

Ab’i Kolosayi 4 :21

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c’umunsi : Yohana 6 :52-8 :20

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, itariki 11 Munyonyo

KUZANA IMISHAHA MUBWAMI BIRIHUTIGWA

2 Ab'i Korinto 6 :2

...Mu gihe co kwemererwamwo ndakwumvise, no ku musi wo gukirizwako ndagutabaye.

Kuzana imishaha mubwami biri kw'umutima w'Imana. Yesu yaje kurondera no gukiza abazimiye (Luka 19 :10), natwe duhamagariwe kubandanya iyo ntumbero. Igihe cose kiraharugwa ; umushaha wose urahambaye. Muri Yohani 9 :4, Yesu yavuze ati : « Igihe kikiri ku murango, dutegerezwa gukora ibikorwa vy'uwantumye. » Ntituzi umwanya umuntu afise canke ryari akaryo ko kumenya Kristo gashobora kumucika. Igihe ni gito, kandi amahirwe ntazomara ibihe bidahera, rero turakeneye gukora ubu !

Kuzana imishaha mubwami si ivy'abavugabutumwa gusa. Umukristo wese ni icabona (Ivyak. 1 :8). Yaba ku kazi, muhira canke mu mfuruka y'ibarabara, utwaye ubutumwa bw'Inkuru Nziza. Igihe cose umuntu uhura na we, ashobora kuba ariyo mahigwe yiwe yoguhura n'Imana. Si ukugira inyishu zose ; n'ugusangira ivyo Yesu yakoze. Iyo wuguruye akanwa kawe mu kwizera, Mpwemu Yera araha ubushobozi amajambo yawe. Rero, vuga gusa ivya Yesu !

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Sinzosubira guceregwa, kuko ndazi ko kwubaha kwanje kuzana kuryoherwa mwijuru. Unomusi, ndafashe ingingo yo kuzana imishaha mubwami nk'ingingo y'ubuzima bwanje mwizina rya Yesu ! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yesaya 55 : 6

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Yohana 8 :21-10 :18

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu, itariki 12 Munyonyo

KUMENYA IMANA BICIYE MU BUCTI BW'INKORAMUTIMA

Abakolosayi 3 :10

**Mukambara umuntu musha, ahindurwa musha ngw'agire ubwenge
amere nk'ishusho y'lyamuremye**

Ugushikirwa n'Imana kwose gutangura n'ubucuti bw'inkoramutima, atari ukuyumva gusa ariko no kuyimenya ubwawe. Yakobo 4:8 havuga hati: "Mwegere Imana na yo izobegera." Imana irondera ubucuti, ntirondera idini. Ivyo Dawidi yarabitahuye. Ntiyari yipfuzaga imihezagiro gusa, ahubwo yari yipfuzaga gusangira n'Uwo yari afise ishusho yiwe.

Mu bucuti bw'inkoramutima, turaronka urukundo rw'Imana, amahoro n'ubuyobozi bwayo. Turumva ivyo atwongorera, tukiga umutima wayo, tukagendana n'impwemu yayo. Ivyo si ivy'abantu bake batoranijwe, ni ivy'umuntu wese amurondera. Yesu kenshi yarasubira inyuma kugira ngo asenge, agaragaza ububasha bwo gusangirira mu bwihereho (Luka 5:16). Uko ubucuti bwawe bugenda burakomera, ni ko n'akaranga kawe n'intumbero yawe bikomera.

Imana y'ibiriho vyose irafise icipfuzo co kugendana nawe ku musi ku musi. Yegere kugira ngo uyibone mu buzima bwawe, mu muryango wawe no mu migenderanire yawe.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Sinzokwishimira idini riri kure y'Imana. Nzorondera ubucuti bukomeye na Data. Nzoshira imbere ugusenga, uguhimbaza, n'ukuzirikana kw'ljambo ryiwe, ubu n'ibihe vyose, mw'Izina rya Yesu. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abany'Efeso 4:22-24

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi Yohana 10 :19-12 :11

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kane, itariki 13 Munyonyo

IJAMBO RY'IMANA NTIRIHINDUKA KANDI NIRYO KWIZIGIRWA

Yesaya 40:8

Ivyatsi biruma, amashurwe agakabirana, arikw'ijambo ry'Imana yacu rizohorah'ibihe bidashira

Mw'isi aho ingingo ngenderwako zihindagurika be n'imigenzo idashikamye, Ijambo ry'Imana riguma rishikamye kandi ridahinduka. Kwizigira Ijambo ryiwe bisigura gushingira ubuzima bwawe ku mushinge w'ibihe bidahera udashobora guseniyuka.

Igihe ubuzima bumeze nk'aho ataco buri, amasezerano y'Imana aratanga icizigiro. Guharura 23:19 havuga ngo: "Imana si umuntu, ngo ibeshe... Mbega iravuga ntikore? Mbega irasezerana ntishitse?" Ijambo ryose riva ku Mana riratyoroye, ni iry'ukuri kandi ni iryo kwizigirwa.

Bibiliya si igitabu c'ivyaha gusa; n'igitabu kizima kandi gikora (Abaheburayo 4:12). Uko tuyisoma tukongera tukayizirikana, ukwizera kwacu kurakomera, ubwenge bwacu bugahinduka bushasha, imitima yacu igahozwa. Kwizigira Ijambo ry'Imana bihuza ibikorwa vyacu n'ukuri kwayo. Bizana amahoro mu kavuyo n'ugutomoregwa mu muvurungano. Iyo tugendera ku mabwirizwa yayo, turibonera ubwacu ukudahemuka kwiwe.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Naho noshikirwa n'ibihuhusi bimeze gute, Ijambo ry'Imana riguma ari ubuhungiro bwanje butekanye kandi butagira aho bugarukira. Naryubakiyeko ubuzima bwanje, ndavyemeza; rero, ndabimenyesha, kandi sinzokwigera mpungabana mw'Izina rya Yesu. Amen!

KUNONOSORA INYIGISHO

Yesaya 55:11

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi Yohana 12 :12-14 :11

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatanu, itariki 14 Munyonyo

GUHIMBAZA VYEREKANA URUKUN- DO

Zaburi 150:6

Igihemuka cose ni gishime Uhoraho!

Guhimbaza ni inyishu y'umutima ku bukuru n'ubuntu bw'Imana. Uguhimbaza kw'ukuri kuva mu mutima urengewe n'ico Imana iri. Si indirimbo gusa canke umugenzo wo ku munsu w'Imana ahubwo ni igihagararo kibandanya c'urukundo n'ukwitanga vy'icubahiro. Guhimbaza ni uburyo bwo kubaho! Reka bikubere ukuri kuri wewe no ku muryango wawe.

Guhimbaza bitwegereza Imana kandi Imana nayo ikatwiyegereza. Muri ukwo kwegerana kweranda, turaronka inkomezi, amahoro n'umunezero. Guhimbaza bituma tureka kwibanda ku ngorane, tugashikamira ku buninahazwa bw'Uwuduha ivyo dukeneye. Biratumira kandi ukuhaba kw'Imana mu buryo bugaragara. Iyo duhimbaje, turema ikirere ngo intebe y'ubwami bw'mana iganze igice cose c'ubuzima bwacu.

Reka ivyo uzokora vyose muri uyu mwaka wo gucagagura iminyororo! bibe igikorwa co guhimbaza. Irabikwiriye, kandi atari k'umunsu w'Imana gusa, ariko n'imisi yose y'ubuzima bwawe!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nzohimbaza Umwami wanjye. Haba mu ndirimbo, muru shengero, mu gutanga canke mugusenga, uguhimbaza kwanje ni ishikanwa ryeranda rishika mw'ijuru. Aleluya!

KUNONOSORA INYIGISHO

Zaburi 34: 1; Yesaya 43 :21

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsu : Yohana 14 :12-17 :13

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatandatu, itariki 15 Munyonyo

YESU AZOGARUKA VYUKURI

Ivyahishuriwe Yohana 22 :12

Ehe ndaza vuba, nzanye ingero, kugira ngo ngerere umuntu wese ibikwiranye n'ivyo yakoze

Ndavuga kenshi ku bijanye n'ukugaruka kwa Kristo kuko ukugaruka kwiwe ni umuhango ushimikijwe. Ivyakozwe n'intumwa 1 :11 hatangaza hati : “Uwo Yesu nyene, uwakuwe muri mwebwe aja mw'ijuru, azogaruka.” Ukugaruka kwiwe si ikibazo ca nivyaba ? Ahubwo ni ikibazo ca ryari ? Yesu yizeje abigishwa biwe ati : « Nzogaruka, mbajane ngo tubane » (Yohana 14, 3). Uwo muhango urazana umutekano mw'isi yuzuye umuvurungano.

Ku bizera, ukugaruka kwa Yesu ntibitera ubwoba, ahubwo ni icizigiro cacu gihezagiwe. Ukuza kwiwe kuzana impembo, ugusubirana n'ubutungane. Ikibi cose kizokosorwa, abamwizigiye bazoganza mu buninahazwa. Gushika ico gihe, dutegerezwa kuguma turi maso kandi turi abizigirwa. Matayo 24 : 44 iratwibutsa kwama twiteguye.

Umwami azogaruka. Azosange uri umwizigirwa niyigaragaza.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nzobaho iminsi yose y'ubuzima bwanje nitaho ivy'ubuzima budahera. Amahitamwo yanje, ivyiyumviro n'ibikorwa vyanje bizokwerekana ukwitegura, kuko ndazi ko Yesu Kristo ari mukugaruka. Aleluya !

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 2 :6

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Yohana 17 :14-19 :42

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku munsu w'Imana, itariki 16 Munyonyo

UKWIZERA GUTERERA IMBERE MU GUSANGIRA

1 Ab'i Tesalonike 5 :11

Nuko muhanurane, mukomezanye, nk'uko mubikora nyene

Kuja mw'ishengero si ikintu gisanzwe gusa ; ni indero yo mu vy'impwemu ikomeza ukwizera kwacu. Abaroma 10 :17 havuga hati : "Ukwizera kuzanwa n'ukwumva, ukwumva kuzanwa n'Ijambo ry'Imana." Ikoraniro ryose rizana inyigisho nshasha yubaka kandi igaburira ukwizera kwacu muri Kristo. Ishengero ni ahantu Imana ivuga, igakiza, igatanga ibikoresho. Bitwibutsa ko tutari twenyene. Abaheburayo 10 :25 harahimiriza hati : "Ntimuhebe gukoranira hamwe... ahubwo muremeshanye, kandi murushirizeho uko mubona uwo musu wegereje."

Kwumva Ijambo ry'Imana ubudasiba biradufasha guhagarara dushikanye mu bihe bigoye. Ubutumwa twumva, intahe dushingirwa, n'amasengesho y'ishirahamwe biradukomeza mu vy'impwemu no mu mutima. Kuja mw'ishengero biradushingira intahe mu kuri, bikatwibutsa amasezerano y'Imana kandi bikadutera intege zo gukura mu kugororoka. Ukwizera ntigutera imbere iyo umuntu ari wenyene ; gutera imbere mu kibano.

Menyesha urukundo ufitiye ukuhaba kw'Imana n'ukwiyemeza gukura mu vy'impwemu, genda mw'ishengero.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Kuja mw'ishengero ni ikintu gifise ikibanza kinini mu buzima bwanje. Nja mw'ishengero niteze, niteguye kwibonera ububasha burengeye bw'Imana mw'Izina ry'ububasha rya Yesu. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaheburayo 3 :13

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Yohana 20-21 ; Iyivakozwe n'Intumwa 1 :1-2 :13

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa mbere, itariki 17 Munyonyo

IBIMENYETSO VY'IKIMAZI

1 Petero 2:5

Mwubakwe nk'amabuye afise ubugingo, kugira ngo mube inzu yo muburyo bw'impwemu, mugire ibango ry'ubiherezi ryera, ngo mutange ibimazi mu buryo bw'impwemu, bishimwa n'Imana kubwa Yesu Kristo

Ibicaniro vyo mu vy'impwemu vyerekana ikimazi, ni ukuvuga ahantu hashirwa ikintu c'agaciro kugira ngo Imana iterwe iteka. Mu bihe vy'Isezerano rya Kera, ibicaniro vyarubakwa kugira ngo bashireko ibimazi vyo guturirwa bigereranya ugusenga, ukwihana n'ukwihebera Imana. Uyu musu, twahamagariye kuba ibimazi bizima (Abaroma 12:1).

Guhimbaza kwawe, ugukenguruka kwawe, n'igihe umara mu guteza imbere umugambi w'Imana birakora k'umutima Wayo, bikubaka igicaniro kivyura inyishu y'Imana. Gutanga ihumure ryawe, ubwibone bwawe, umwanya wawe canke ubutunzi bwawe vyerekana ukwizigira n'icubahiro. Umwami Dawidi yavuze ati: « Sinzoshikanira Uhoraho ivyo ntaco bimaze » (2 Samweli 24:24). Ibicaniro vy'ukuri bisaba ikimazi gifise agaciro.

Kumvira kwacu kwa misi yose, guhitamwo kubabarira, gukorera canke gutanga, na vyo nyene ni ishikanwa rimota neza. Ni gushira ibipande vy'umubiri wacu ku gicaniro. Igikorwa cose kivuga ngo: «Ntibibye mukugomba kwanje, ahubwo nibibye nkuko ugomba. »

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nzobaho ubuzima bwanje nk'ikimazi kizima, kandi ndazi ko umuriro uva mwijuru uzokwaka mumagufa yanje. Ikimazi mpaye Imana kizana imihezagiro no gutera imbere. Ha Icubahiro Imana. Amen

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Abakorinto 3:16-17

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ivyakozwe n'Intumwa 2:14-4:37

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, itariki 18 Munyonyo

UKWIZERA GUTSINDA UBWOBA

Abafilipi 4:13

Nshobozwa vyose n'umpa inkomezi

Ubwoba ni ibisanzwe, ariko ukwizera ni ikintu kidasanzwe. Ubwoba burarema, ariko ukwizera kuratuma umuntu akora. Iyo ubuzima bugoye, duhitamwo ukwizera, atari mu kwirengagiza ubwoba, ahubwo mu kwizigira Imana kuruta ingorane. Yesaya 41:10 ati: “Ntutinye, kuko ndi kumwe nawe... nzogukomeza, ngufashe.” Ukwizera kuremeza ko Imana iriho, ifise ububasha kandi ishoboye.

Dawidi yarahanganye na Goliyati afise ukwizera. Mu gihe abandi bariko barajugumira, Dawidi yarizigiye. Yesu kenshi yavuze ati : “Ntimutinye, mwemere gusa.” Ukwizera gucecekesha ubwoba kuko gushingiye ku masezerano y’Imana. Ubwoba buravuga ngo : “None iyo ?” Ukwizera kuvuga ngo “Naho..., Imana iracari nziza !” Igihe Petero yatambukira kumazi, ukwizera kwamugumije areremba ; ubwoba bwatumye atwagwa.

Gumiza amaso yawe kuri Yesu, hanyuma ubwoba buzobura ububasha. Ukwizera gukura mu kwumva no kuzirikana Ijambo ry’Imana. Uko urushiriza kumumenya, niko ubwoba buguma bugabanuka !

UKWATURA KW’UBUVUGISHWA

Natura ukwizera, niyumvira nizera kandi mbayeho nizera. Ubwoba buzododora, ariko nzokwishura nkoresha ukwizera. Kuko ndazi ko Imana itampaye impwemu yubwoba ahubwo yampaye iy’ububasha, urukundo n’ivyiyumviro bitomoye mw’Izina rya Yesu ! Amen

KUNONOSORA INYIGISHO

Yosuwa 1 :9

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c’umunsi : Ivyakozwe n’Intumwa 5 :1-7 :29

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu, itariki 19 Munyonyo

GUTANGA VYUGURURIRA IMIGISHA Y'IMANA

Imigani 19 :17

Ugirira akagongwe umugorwa aba aguranye Uhoraho, kand'ukugira neza kwiwe azokumwishura.

Gutanga ni ingingo ngenderwako y'impwemu yugururira imihezagiro iva ku Mana. Muri Luka 6, 38, Yesu yigisha ati : « Mutange, namwe muzohabwa... » Iyo dutanga ku buntu, tuba twishize mu kibanza co kwakira vyinshi. Gutanga ntibikwiye kuba kubera twiteze kuronka gusa, ariko Imana yishurana ubugwaneza imitima itangana ubugwaneza. Iyo gutanga mu migambi y'Imana bibaye igihande c'ubuzima bwawe, imiryango iruguruka mu buryo budasanzwe bikakuduza hejuru ku rwego rushasha rwinyongera.

Umuhezagiro ukurikira ntiwama ari uw'amahera. Bishobora kuza nk'amahoro, ugutunganirizwa, canke kurindwa. Mbere n'umupfakazi yatanze uduceri tubiri yatangaje Yesu kuko yatanze ivyo yari afise vyose (Mariko 12 :41-44). Imana iraha agaciro umutima uri inyuma y'iyo ngabirano kuruta umubare. Gutanga bihindura ivyiyumviro vyacu bikava ku bukene bikaja ku butunzi kandi bikatwibutsa yuko Imana ari yo soko ryacu, atari akazi canke konti yo muri banki. Tanga kandi umenyeshe ukwizera kwawe mu Mana.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ugutanga kwanje kw'ubudahemuka kuratera iteka Imana kandi gutuma imihezagiro yo mu vy'impwemu ikora mu buzima bwanje. Ugutanga kwanje ntikwigera kuba uruhombo ahubwo ni umutahe. Nzokwimbura ivyiza vy'ibihe bidahera n'ivy'isi mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Ab'Ikorinto 9 : 6-7

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Ivyakozwe n'Intumwa 7 :30-9 :22

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kane, itariki 20 Munyonyo

GUKIRA BIROSHE

Yohana 6:2

Ishengero rinini riramukurikira kuko ribonye ibimenyetso akora ku barwaye

Aho Yesu yaja hose, ugukira kwarahakurikira. Gukira ntivyashika rimwe na rimwe; cari ikintu nyamukuru mu busuku bwiwe. Matayo 4:23 havuga ngo Yesu yagendagenda muri Galilaya akiza indwara zose n'ubumuga bwose mu bantu. Ivyo ntivyari ivyo kwerekana ububasha gusa ahubwo vyari ivyo guhishura impuhwe z'Imana. Yesu yahumuye amaso y'impumyi, azura abapfuye yongera akiza abantu benshi. Ibitangaro vyawe ni ibikorwa vy'ikigongwe, vyerekana yuko Imana yitwararika cane imibabaro y'abantu.

Kubera ubuntu bwayo, Imana yaraduhaye ububasha bwayo bwo gukiza. Muri ubu busuku, turamaze kubona ibitangaro bitagira uko bingana. Gukira biroroshe iyo bikoze mukwizera izina ryiwe!

Uwo mugore yari arafise indwara y'amaraso yakoze ku mpuzu ya Yesu aca arakira ubwo nyene. Inkuru yiwe itwibutsa ko iyo hari ukwizera, Imana irishura. Yesu ntiyigeze ahindukiza umuntu n'umwe yaje afise ukwizera. Abaheburayo 13:8 hamenyesha ko Yesu Kristo ari wawundi ejo, uno musu, n'ibihe bidahera. Ivyo yakoze ico gihe, n'ubu arabikora.

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Ndategeka kandi ndamenyesheje uno musu ko ububabare bwose bwirukanwe mu buzima bwanje. Nk'umwana w'Imana, umubiri wanjye ni ingoro ya Mpwemu Yera; rero, ndanse kurwara! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Matayo 14:14

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ivyakozwe n'Intumwa 9:23-11:30

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatanu itariki 21 Munyonyo

IBWIRIZWA RIKOMEYE

Imigani 10:12

Urwanko ruvyura imitongano, ariko urukundo rupfuka ibigabitanyo vyose

Yesu abajijwe ibwirizwa rihambaye kuruta ayandi yose, yishuye ati: «Kunda Umwami Imana yawe... ukunde mugenzawe nk'uko wikunda (Matayo 22:37–39). Urukundo si inyumvo gusa; n'itegeko. Bisaba gukora, kugira umugambi no kwiyezeza. Urukundo nta kibi rugira. Rurahindura ikirere bikazana amahoro, gukira n'ubumwe mw'isi yuzuye amacakubiri.

Yesu ntiyigishije urukundo gusa, yararubayeho. No kumugaraba, yarasanze ati Data, ubababarire. Yishuye urwanko n'urukundo kandi araduhamagarira kubikora nk'ukwo yabikoze. Urukundo rwa Kristo rurihangana, rugira ubuntu, ntirushavura ningoga, kandi ntirubika ibibi vyose. Ni ikintu gikomeye, kidasanzwe, kandi kiva ku Mana gusa.

Mpwemu Yera aradushoboza gukunda birenze ubushobozi bwacu. Urukundo rwiwe ni kamere kacu. Uru rukundo ruboneke mu buzima bwawe, mu muryango wawe, mu rugo rwawe, mu bucuruzi bwawe no mu migenderanire yawe. Reka urukundo rutembe muri uyu mwaka wo gucagagura iminyororo!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Mpsemwo urukundo k'urwanko. Iyo ngendeye mu rukundo, ndagaragaza umutima w'Imana, ndashitsa umugambi wayo, nkerekana ko Uwuruta vyose abaye muri jewe, Imana ubwayo! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Petero 4:8

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ivyakozwe n'intumwa 12-13

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatandatu itariki 22 Munyonyo

GUSENGA, IKIBANZA C'UBUHUNGIRO

Abakolosayi 4:2

Mukovye mu gusenga, mukubemwo, mushima

Ubuzima burazana ata kibuka ibihuhusi, mu mutima, mu mubiri no mu mpwemu, ariko mw'isengesho niho turonkera ubuhungiro n'inkomezi. Imana ni yo buhungiro bwacu n'inkomezi zacu, ni yo idufasha mu magorwa (Zaburi 46:1). Biciye mu gusenga, turinjira mu ngoro y'Imana, tukaronka amahoro isi idashobora gutanga. Iyo ubwoba burengeye, gusenga kuratuzumutima. Iyo urujijo ruganzwa, isengesho rirazana ugusobanukirwa. Umwanditsi wa Zaburi yaratangaje ati: « Igihe umutima wanjye urengewe, unjana ku rutare rurengeye » (Zaburi 61:2). Ico Gitandara ni Kristo, kandi ugusenga ni inzira itujana kuri we n'ubushizi bw'amanga.

Iyo ibihuhusi vy'ubuzima biteye, amasengesho atujana k'uwutuzanya. Amaganya yawe yose yashire kuri we kuko arakwitayeho. Ntubire inyuma mu bwoba, irukira mu buhungiro bw'amasengesho. Ari hafi gose

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nzosenga, nzi ko isengesho ari ryo rutonde gw'Imana igenda imbere yanjye, ritunganya imbuga zose kugira ndonke intsinzi. Sinzokwigera nihebura, kuko biciye mu gusenga, nzotsinda, mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abanyefeso 6:18

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ivyakozwe n'intumwa 14:1-16:10

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku musi w'Imana, itariki 23 Munyonyo

IGIKORWA CACU

Zaburi 96:3

Mwamamaze mu mahanga ubwiza bwiwe, N'ibikorwa bitangaje yakoze muvyamamaze mu moko yose.

Inyigisho ya nyuma ya Yesu ntiyari icyumviro ahubwo ryari ibwirizwa, Ibwirizwa nyamukuru. “Genda muhindure amahanga yose abigishwa...” Iryo bwirizwa ry'Imana si iry'intumwa, abavugishwa, abapasitori, abigisha canke abavugabutumwa gusa; niry'umukristo wese yita Yesu Umwami. Ibwirizwa nyamukuru ritanga intumbero ku kwizera kwacu. Ntitwakijijwe kugira twicare mw'ishengero gusa ahubwo twakijijwe kugira ngo dushike ku bazimiye (Mariko 16:15). Inkuru Nziza si impanuro nziza gusa, ni inkuru nziza y'ubuntu bw'Imana ihindura ubuzima.

Kuzana imishaha kuri Kristo bisaba kugira umugambi. Akenshi bishika biciye mu biyago, mu migenderanire no mu buzima bwa misi yose. Yesu yarahura n'abantu ku mariba, mu ngo no mu mabarabara, akama abashikira, akama abakunda. Yesu yasezeranye ati: “Ndi kumwe namwe imisi yose.” Kuba arikumwe natwe biraduha ububasha bwo kugamburuka. Mpwemu Yera arategura imitima, agatanga ubushizi bw'amanga, agakomeza Ijambo. Nturi wenyene, komeza uzane imishaha kuri Kristo.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Kuzana imishaha kuri Kristo si umuzigo ahubwo ni iteka kuri jewe. Ndonka akaryo ko gukorana n'Imana mu gukiza ubugingo bukava mu mwijima bukaja mu Bwami bwayo bw'umuco bw'agatangaza. Sindi jenyene; N'ubu ndiko ndazana imishaha mubwami ndikumwe na Yesu! Aleluya! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Ngoma 16:24

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ivyakozwe n'intumwa 16:11-18:28
www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa mbere, itariki 24 Munyonyo

KUGAMBURUKA BIRAKENEWE

Zaburi 25:10

Inzira zose z'Uhoraho ni imbabazi n'ukuri ku bitondera isezerano ryiwe n'ibishingantahe vyiwe.

Benshi bipfuzaga guhura n'Imana, ariko bake ni bo biteguye kwumvira iyo bitabereye. Yamara, ububasha bwiwe buhishurirwa mu kwitanga. Kwumvira ni irembo ryo kwibonera ubwuzure bw'Imana. Kwumva ljambo ntibihagije. Niwaba ushaka inyishu, utegerezwa kubibaho. Kwumvira kwugururira ihishurirwa ry'Imana. Aburahamu yumviye Imana mu gutanga izahaki maze asanga impfizi y'intama mu gisaka hamwe n'uguhishurirwa gushasha kw'Imana nk'Uwutanga ivyo akeneye!

Kumvira guhindura ibisanzwe bikaba ibidasanzwe. Petero yarumviye amabwirizwa ya Yesu yo gusubira gutera urusenga rwiwe maze araroba ku gitangaro. Imana iradusanga ku rugero rw'ukwizigira rwacu. Naho inzira isa n'iyidatomoye, ukugamburuka kuradushira mu kibanza co guhura n'Imana. Imana ntisaba gutahura, isaba kwizigira. Iyo ugendeye mu kugamburuka, uraronka uburinzi, intunganyo n'intumbero biva ku Mana. Fata ukugamburuka nk'ikintu gihambaye, biratuma umuhezagiro ukora.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nzomenya Imana bimwe bishitse; Nzoyigamburukira n'ubudahemuka. Mu kwumvira ljambo ryiwe, imiryango y'ubumenyi bw'Imana izonyugurukira cane. Shima Umwami! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Kuvayo 19:5.

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ivyakozwe n'intumwa 19-20

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, Itariki 25 Munyonyo

AMAHORO NO KWIZERA IMANA

Matayo 7:24-25

Uwumva ayo majambo yanje wese, akayashira mu ngiro, asa n'umuntu w'umunyabwenge yubatse inzu ku rutare. Isegenya iragwa, inkukura irasendanisha, igihuhusi kirahuhuta, bisurira kuri ya nzu, ntiyagwa, kuko umushinge wayo wari wubatswe ku rutare.

Kwizera Ijambo ry'Imana bizana amahoro adasanzwe hamwe n'ukwizigira kudahungabana. Narabibonye incuro nyinshi, amasezerano yiwe ni ishingiro ry'imitima yacu n'ubwenge bwacu mu bihe bigoye. Amahoro aratembera iyo duhisemwo kwemera ivyo Imana ivuga kuruta ivyo tubona canke twumva. Iyo ubwoba buje, Ijambo ry'Imana riraduhumuriza. "Ntutinye" si amajambo rihumuriza gusa, ni ikimenyamenya c'Imana c'uguterimbere n'intsinzi. Izere Ijambo ryiwe, niho ukwemera kwawe kuzokura.

Ukwizigira kuva mu kumenya ko Ijambo ry'Imana ridasubira inyuma ridakoze. Nimba Imana yarabivuze, izobishitsa. Yesu yakoresheje Ijambo kugira ngo anumishe umwansi. Natwe nyene, iyo duhagaze kw'Ijambo, turaneshya ugukekeranya, ugucika intege n'uguhendwa. Reka Ijambo ribe urutare rwawe mu gihuhusi cose.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndatura Ijambo ry'Imana, ndaryizera, ndaribaho, kandi riba muri jewe! Umutima wanjye ushingiyeye ku kuri kw'Imana kudahinduka; rero, mfise amahoro n'ukwizigira bidahungabana! Amen.

KUNONOSORA INYIGOSHO

Abanyefeso 6:17

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ivyakozwe n'intumwa 21:1-23:25

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu, itariki 26 Munyonyo

GUHIMBAZA BIRAHINDURA INGENE UBONA IBINTU

Zaburi 66:4

Abo mw'isi yose bazogusenga, bakuririmbire. Bazoririmbira izina ryawe.

Guhimbaza gutuma iviyumviro vyacu biva ku ntambara zo kw'isi bikaja ku kuri kwo mw'ijuru. Iyo ubuzima bumeze nk'uburengewe, biratwibutsa ubusegaba bw'Imana n'ubuntu bwayo. Paulo na Silasi, naho bakubiswe kandi bagafungwa, barasenze bongera bararirimbira Imana indirimbo. Uguhimbaza kwabo kwatumye Imana igira ico ikoze; umutingito wacye umena iminyororo yabo, wugurura inzugi z'ibohero. Guhimbaza si inyishu y'imihezagiro gusa; ni itangazo ry'ukwizera kwacu mu bihe vy'ibigeragezo. Si ukwirengagiza ingorane; ni kuzibiza mu muco w'Imana.

Iyo dushize amaso hejuru mu guhimbaza, tuba dukuye amaso k'ungorane, tugatangura gushira Umwami hejuru. Guhimbaza bihindura iviyumviro vyacu bikaja kw'isoko ryacu nyakuri ry'imfashanyo (Zaburi 121:1-2) kandi birahindura ikirere co hanze n'ingene twiyumva indani. Uko tubona ubuninahazwa bw'Imana, turahinduka tukamera nk'uko imeze. Si umwanya w'umuziki gusa, n'uguhura, n'umubonano uhindura ubuzima!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndategetse ko ibihe biriko birahinduka uko mpimbaza Imana. Uko mpimbaza Imana, ubwenge bwanje burahinduka bushasha, umutima wanjye ugasubira gutungana, kandi ndibutsa umutima wanjye ko Imana ikiri ku ntebe y'ubwami! Amen.

KUNONOSORA INYIGOSHO

Zaburi 117:18

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ivyakozwe n'intumwa 23:26-27:8

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kane, itariki 27 Munyonyo

UMUGAMBI W'IMANA URATSINDA

1 Ab'i Korinto 1:8

Ni we azobakomeza gushika kw'iherezo, kugira ngo ntimuzogawe kuri wa musu w'Umwami wacu Yesu Kristo.

Ubuzima burafise ibigoramyeye, ariko umugambi w'Imana wama uhagaze (Imigani 19:21). Ivyo Imana yaguteguriye ntibishobora guhagarikwa n'umuntu, ikosa canke ibintu. Intumbero yiwe ibaho mu bihe vyose, mu mihezagiro no mu ntambara. Urugendo rwa Yosefu kuva mu mwobo aja mu ngoro rwasa n'urw'akajagari ariko rwarashikanye umugambi w'Imana wo gukiza amahanga.

Intumbero ntisobanura ubuzima butagira ingorane; bisigura ubuzima bufise insiguro. Imana ikoresha vyose, mbere n'ingorane, kugira ngo ishitse umugambi wayo muri we. Iyo wumva wazimiye canke wacerewe, wibuke ko Imana itibagiye umugambi wayo. Uwatanguje igikorwa ciza muri mwe azogisozera (Abafilipi 1:6). Ntukihutishe Imana; Igihe cayo ni ciza cane. Intumbero yayo ku buzima bwawe, ubucuruzi bwawe, umuryango wawe, n'amahera yawe irashizweko ikidodo mw'ijuru; nta nkeka ko izotsinda!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndazi ko Imana yanje ishoboye. Ndizeye ubushobozi bwayo bwo gukingira ubu n'akazozza kanje. Ndabona ukuroraniywa, kandi ngendana itsinzi mu nzira yanje! Aleluya!

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Abatesalonika 5:24

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ivyakozwe n'intumwa 27:9-28:31; Abaroma 1:1-15

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatanu, itariki 28 Munyonyo

IKIRUTA KAHISE KAWE

Zaburi 103 :12

Nk'uko mu buseruko ari kure yo mu burengero, uko ni ko yashize kure ibicumuro yacu.

Uko kahise kawe kameze kwose, ubuntu bw'Imana buratanga intango nshasha. « Umuntu ari muri Kristo, aba ari ikiremwa gishasha: ivya kera vyarazeze, bishasha biri hano ! » (2 Ab'i Korinto 5:17). Ubuntu buratuma bishoboka. Amateka yawe ntashobora gukuraho ubwo burenganzira; ubuntu burasubira kwandika inkuru yawe gushasha. Ubuzima bwa Paulo ni ikimenyamenya. Yahora ari umutotezi w'abakristu, ahura n'ubuntu mu nzira ija i Damasiko, aca aba igikoresho gikomeye c'Imana.

Ubuntu burashika mu mwijima bukazana umuco. Ntibwirengagiza icaha; buracishura (Abaroma 3:24). Nta caha kinini cane, nta kunanirwa gukomeye cane, canke kwicuza kuremereye cane ubuntu budashobora gupfuka.

Ubuntu bw'Imana burahindura ibihuha bikaba intahe, ukunanirwa kukavamwo ivyizigiro. Iyo uronse ubuntu bwayo, ntuba ugisobanurwa n'ivyo wakoze ahubwo n'ivyo yagukoreye. Reka kahise kagende maze wakire umwidegemvyo muri uyu mwaka wo gucagagura iminyororo!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndamenyesha n'ubushizi bw'amanga ko ubuntu bumpa urutonde rusukuye n'akazozo k'ubuninahazwa. Aleluya!

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaheburayo 4:16

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Abaroma 1:16-5:11

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatandatu, itarki 29 Munyonyo

KUGANZA NI IGIKORWA C'IMANA

Ivyahishuriwe Yohana 5:10

Ukabahindura ubwami bw'Imana yacu no kuba abaherezi bayo, kandi bazoba abami mw'isi.

Ubutegetsu si ikintu umuntu yahinguye; ni igikorwa c'Imana. Muri Itanguriro 1:28, Imana yarahazagaye Adamu na Eva, iti, “muganze.” Ivyo ntivyari ivyiyumviro ahubwo vyari itegeko rivuye ku Muremyi. Kuganza bisigura gutwara, gucunga no kurongora. Ni ubushobozi bwo kwosha, kwubaka no guhingura ibidukikije. Birerekana kamere k'Imana muri wewe nk'umubwiriza w'Isi. Baho nk'umuntu yazejwe ubutware bw'Imana.

Kuganza si kubw'inyungu z'ubwikunzi ahubwo ni kubw'iterambere ry'Ubwami. Imana idutegereje gutwara mu rukundo, kurongora mu bugororotsi, no gukorera mu bukuru (Zaburi 8:6). Yaba mu bucuruzi, mu burezi, mu busuku, canke mu muryango, warahamagariwe kurongora. Ntiwaremewe kwivanga ahubwo waremwe kugira ngo uhagarare kandi ushire hejuru abandi kugira ubuninahazwa bw'Imana buboneke kw'Isi yose!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Si ndi uwutagira ububasha; Narobanuwe kugira ngo ntware. Ubwenge bwanje, ibiganza vyanje n'amajambo yanje birafise akosho. Kubaho kwanje kuzana urutonde, ubuhinga bwiza cane n'ingaruka. Rero, ndavuga n'ukwizigira, nzi ko Ijuru rimpa inshigikiro kugira ngo ntegeke umubumbe wanjye mw'Izina rya Yesu ry'ububasha! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Petero 2:9.

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Abaroma 5:12-8:25.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku musi w'Imana, itariki 30 Munyonyo

IBIMENYETSO VY'IBIHE VY'UMUHERO

2 Timoteyo 3:1

Ariko umenye ko mu misi y'iherezo hazoza ibihe bigoye.

Yesu yaratanze ibimenyetso vy'ibihe vy'iherezo kugira ngo adutegure. Muri Matayo 24:6–8, yaravuze ku ntambara, inzara, umutingito, n'abavugishwa b'ibinyoma, ububabare bwo kuvyara bugaragaza ibihe vyanyuma. 2 Timoteyo 3:1–5 idondora ukuntu inyifato runtu iguma yononekara: ubwikunzi, ubwibone, ukutumvira be n'ukutagira ubweranda, ivyo vyose bikaba bigaragara muri iki gihe. Naho ari ukwo, ntuhagarike umutima; ivyo bimenyetso bitwibutsa kuguma turi maso mu vy'impwemu kandi dushingiye ku Mana.

Matayo 24:14 haradukura amazinda yuko naho hari akajagari, Inkuru Nziza y'Ubwami izokwamamazwa. Nk'abakirisu, dutegerezwa kuguma dushingiye ku Vyanditswe, gusenga n'umwete, no gushingira intahe n'ubushizi bw'amanga.

Ntutinye ibimenyetso, reka bigutere umuriro mu kwizera kwawe. Bitwibutsa ko igihe ari gito, kandi imishaha itegerezwa gushikwako. Ibimenyetso si vyo bizoheza; vyerekana ukugaruka kw'Umukiza wacu mu buninahazwa n'intango y'ubuninahazwa budahera ku bizera, rero nimunezerwe muri uyu mwaka wo gucagagura iminyororo!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndi maso, ndabona, nditeguye, kandi ndanezerewe kuko ndazi ko Umucunguzi wanjye ariho. Nditeguriye guhagurukana na Yesu kuncuro yambere mu gihe c'uguhaguruka! Aleluya!

KUNONOSORA INYIGISHO

2 Petero 3 :3.

GUSOMA BIBLIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Abaroma 8:26-11:24

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa mbere, itariki 1 Kigarama

REKA KUGIRA AMAGANYA

Yohana 14:26

Arik' Umwitsa, ari we Mpwemu Yera, uwo Data azorungika mw izina ryanje, ni we azobigisha vyose, kand' azobibutsa ivyo nababariye vyose.

Ivyigwa vyerekana ko imyiyumvo yo kugira irungu n'uguhagarika umutima zigaragara cane mu kwezi kwa nyuma kw'umwaka! Abahinga mu vy'imyitwarire basanze amahinduka y'ibihe ashobora kugira ico akoze ata guca ku ruhande ku mibereho yo mu mutwe y'abantu amamiliyoni kw'isi yose, iyo na yo ikaba ari indwara izwi kw'izina ry' indwara y'ibigumbagumba ivuye kw'ihinduka ry'ibihe Seasonal Affective Disorder (S.A.D.) mucongerezwa. Nk'umwana w'Imana, ntushobora kwemera ko hari ikintu na kimwe muri iyi si gitegeka umunezero wawe n'ukugubwa neza kwawe mu Mwami!

Irungu canke ukubura abagenzi ni ivy'abatazi ingabire bahawe ku buntu igihe bakira Kristo. Ufise Umugenzi muri Mpwemu Yera; Ni we Mufasha wacu kandi yama Hafi igihe cose. Imana yaguhaye ubuyobozi bwiza buruta ubundi bwose bwo mu buzima bugoye, atari Umugenzi gusa, ariko ni Uwugukomeza mu bihe vy'amagorwa.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Sinshobora kwigera mba jenyene! Ndafise Umugenzi muri Mpwemu Yera. Arampumuriza igihe cose. Nta kintu na kimwe gishobora, mu buryo ubwo ari bwo bwose, gutuma mbura ubufasha nkeneye ! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Abakorinto 6:19

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Abaroma 11:25-15:33

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, itariki 2 Kigarama

UBURYO IBISIGA BIGURUKIRA HAMWE

Luka 22:32

Ariko wewe nagusengeye ng'ukwizera kwawe ntiguhere. Nawe ni wamara guhinduka, uz' uremeshe bagenzi bawe

Inyoni nini zigendagenda nk'ibisiga, idaki, n'ibisiga bita swani akenshi ziguruka mu buryo bw'imirongo icafye nk'urudome V. Intumbero yo kuguruka murubwo buryo ni ukuzigama inguvu no gutuma umuyaga ukora ukuntu zishobora kuguruka neza zigafata ikirere. Ivyo rero bikazifasha kuguruka ata ntambanyi. Mu Bwami bw'Imana, kugendana na benedata musangiye intumbero n'imigambi kandi mwumva ibintu kumwe mu Mwami, bituma namwe muguruka kumurindi mwiza mu bijanye n'inzira nziza z'Ubwami kumuvuduko ushimishije !

Ivyanditswe bitwerekako ko nk'abana b'Imana, dukomeza umubiri wa Kristo mu gushigikirana biciye mu gusenga. Nk'uko inyoni zikoresha ububasha bw'ubumwe kugira ngo zice mu miyaga ikaze, Ishengero ryunze ubumwe ntirishobora gutsindwa n'umuvurungano w'ibitero n'imipfunda vy'umwansi. Uyu musu, uhitamo gukomeza abana b'Imana mu gusenga maze ubone ingaruka nziza zigaragara mu buzima bwawe bwite.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndakomeza benedata biciye mu kubavugishwako! Sinzobaho ubuzima bwitandukanije n'umubiri wa Kristo canke ngo nemere guterwa n'ibitero vy'umwansi. Ubumwe ni umugabane wanjye unteza imbere! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Abakorinto 1:10

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Abaroma 1; 1Abakorinto 1 :1-4 :13

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu, itariki 3 Kigarama

UKWIGA BIRI MU MICE

1 Petero 2:2

Mumere nk'inzoya zivutse vuba, mwifuze amata y'umutima adafunguye, kugira ngw abakuze abashitse ku gakiza;

Fata umwanya wibuke imisi yawe y'amashure, igihe cose warangiza umwaka runaka, wumva umeze nk'aho washitse ku rwego rwo hejuru rw'ugutahura kwawe, gusa ugaca wungururizwa mu rindi shure. Ingorane y'abakristo benshi ni uko iyo bamaze gushika ku rugero runaka rw'ubumenyi, banka gutanga umwanya ukenewe kugira ngo babandanye bakura mu Mana, bagashika mu cyumviro co kwibeshya ngo bakuze mu kumenya ivy'Imana.

Intumwa Petero atubwira ngo nk'uko abana bato bakeneye amata kugira ngo bakure kandi babeho, wewe nk' umwana w'Imana, ukwiye kwipfuzza amata y'Ijambo. Nka kurya nyene amata akomeza amagufa kandi agaha inguvu abana bavutse vuba, Ijambo ry'Imana riragukomeza, rikaguha ububasha bwo guhagarika ibitero vy'umwansi. Iga gushiramwo umwanya wo gusoma Ivyanditswe Vyera, kugira ngo utere imbere mu mushaha wawe no mu mpwemu yawe biciye mu gusoma ivyanditse!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndafise ububasha bwuzuye biciye mw'Ijambo ry'Imana ritagira amahinyu, kandi ivyo bisigura ko mfise ubushobozi bwo guhagarika ibitero vya Satani! Ndi uwunesha uno musi! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

2 Petero 3:8

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: 1 Ab'i Korinto 4:14-7:40



Ku wa kane, itariki 4 Kigarama

NI IBIKI VYANDITSE KURUTONDE RW'IVYO KURYA?

Zaburi 23:5

Untegurira ameza mu maso y'abansi banje; Wansize amavuta mu mutwe; igikombe canje kirasesekaye.

Iciyumviro kitari co gikunze kuboneka mu madini y'abiyita abakristo ni uko ukwicisha bugufi bisobanura kubaho mu bukene no mu kuburanigwa. Ariko rero, Imana ishaka ko uroranirwa! Bibiliya si amabwirizwa gusa yerekeye ubuzima, ahubwo ni ingingo ngenderwako zigaragaza ko uzororanirwa. Mu gushira mu ngiro ukuri kwo mw'Ijambo ry'Imana, nturonka ububasha bwo gutsinda umwansi gusa ariko uronka kandi n'ububasha bwo gutera imbere umwansi araba!

Ivyanditswe vy'uyu musu biratanga ishusho igaragara: Imana iragutegurira ameza imbere y'abansi bawe! Ku rutonde rw'ivyo kurya hariko amahoro atunganye, umunezero, umusesekara, ugutsinda. Imeza y'Imana ntiyuzuyeko imisigazwa, ahubwo ni umusi mukuru usesekaye ubuntu! Kandi igice ciza kuruta ibindi vyose? Arabitegura imbere y'abari biteze ko uzonaniirwa! Waremwewe ngo ube uwunesha ntiwigere ureka ngo hagire ikintu na kimwe kigabanya urugero Imana yamaze kugushirako!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Imana yanteguriye ameza imbere y'abankokeranya. Ubuntu, umunezero n'uguterimbere biri ku rutonde; Ntaco mbuze! Ndi uwunesha muri Kristo! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yohani 10:10

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: 1 Ab'i Korinto 8:1-12:11

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatanu, itariki 5 Kigarama

ABATUMVA NEZA

Yohana 10:27

Ababaye intama zanje bumva ijwi ryanje, nanje ndabazi, na bo barankurikira,

Naho ukwizera ko Imana yama irondera kuvugana n'abana bayo vyemerwa cane, ata kuraba idini, ubwoko canke imyaka, abakristo benshi babaho ubuzima bwabo bwose batavugana na Yo. Mbega Ivyo vyoba bisobanura ko ivyanditswe vyashizeho icyumviro kitagira kidashobora gukogwa? Haba namba! Reka ndabasigurire.

Mu vyerekeye kumviriza n'amatwi, ibikoresho vyo kwumva birafasha abantu bafise ingorane zo kwumva canke ibipfamatwi. Ivyo bikoresho bikoresha mikoro kugira ngo bifate amajwi yo mu bidukikije, igikoresho co kuyakomeza kugira ngo kiyakoreshe, be n'akabafure (igikoresho co kwakira amajwi) kugira ngo kivuze iryo jwi ryongerekanye mu gutwi.

Naho umuntu w'igipfamatwi akikujwe n'amajwi, arakeneye ikintu co kumufasha kwumva kugira ngo ashobore kuyumva neza kandi akayumva. Nko murico gishushanyo nyene, Imana yama ivuga, ukeneye gusa Ijambo ryayo kugira ngo utunganye neza amatwi yawe n'impwemu yawe kugira ngo uyumve neza! Injira cane mu vyanditswe maze ukarishe impwemu yawe kugira ngo urushirize kwakira ijwi ry'Imana.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Imana yanje iracariko iravuga! Ndatunganya neza amatwi yanje ubu kugira ngo ndamwumve biciye mu gushira mu ngiro Ijambo ryiwe. Sinshobora kwigera nanirwa! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Matayo 13:15

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: 1 Ab'i Korinto 12:12-15:28

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatandatu, itariki 6 Kigarama

UMUNTU W'IJAMBO

Abanyefeso 6:17

Mwabire inkofero y'agakiza, bo n'inkota ya Mpwemu, ni yo jambo ry'Imana

Ubuhinga bwo gukoresha inkota ni bumwe mu buhinga bwo kwigisha buhambaye kandi butomoye kuruta ubundi bwose kw'isi, bukaba bumaze imyaka irenga igihumbi buhari kandi bwubashwe. Igihe Paulo yandikira ishengero ry'i Efeso, yerekeza kw' Ijambo ry'Imana nk'inkota ya Mpwemu, ashimika ku kuntu ritagiramwo uburyarya, rifise ububasha n'intumbero yaryo. Ivyo birahishura ukuri gukomeye kwo mu vy'impwemu. Ingorane nyinshi ufise za misi yose ziva ku kudakoresha Ijambo nk'ikirwanishwa co kurwanya Satani n'ingabo ziwe.

Ivyanditswe biraruta kure n'iyi amajambo asanzwe yo gutera intege abantu kuko Ijambo rifise ububasha bwo gutikiza amadayimoni. Ushobora guca mu gitero c'umwansi ico ari co cose wemye kandi ataco ubaye.

Nk'umwana w'Imana, utegerezwa gutanga umwanya wo gushira mu ngiro no gukura cane mw'Ijambo ry'Imana kugira ngo ube uwufata mumaboko ivyerekeye indero yawe; uri umuntu w'Ijambo!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndi umuntu w'Ijambo. Njana Ijambo ry'Imana mu ntambara. Ndafise ububasha bwo gucagagura imigambi ya Satani! Ndashira mu ngiro Ijambo ry'Imana ry'uyu musi! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaheburayo 4:12

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: 1 Ab'i Korinto 15:29-16:24; 2 Ab'i Korinto 1-2.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku munsu w'Imana, itariki 7 Kigarama

IREMBO RYO KWINJIRA

Matayo 25:1-4

Ico gihe ubwami bwo mw ijuru buzosa n'inkumi cumi, zajanye amatara yazo, zija gusanganira umukwe. Batanu muri bo bar' ibijuru, bandi batanu bar' abanyabwenge. Kuko vya bijuru, mu kujana amatara yavyo, bitajanyanye n'amavuta. Arikw abanyabwenge bo, bajananye n'amavuta mu macupa yabo hamwe n'amatara yabo.

Abakristo kenshi bavuga ko bazoba bari mu 'rugendo rw'indege ya mbere' mu kunyakurwa kw'ishengero. Ariko rero, ni bake barimbura ingaruka zo guhusha iyo ndege. Reka ndabasigurire. Igihe uri mu ndege, ugura itike y'aho uzoja n'igihe uzojaye. Ariko iyo udashitse ku muryango ugana aho buririra iyo ndege ku gihe, urashobora gutakaza urugendo rwose. Mu buryo nk'ubwo, kutanyakugwa 'mubambere birafise ingaruka zidahera.

Muri uwo mugani, Umwami Yesu arashira ahabona ivy'ukwitegura mu vy'impwemu bikenewe, ivyo bikaba bigereranywa n'ihitamwo ry'abo bigeme ryo kuguma biteguye amatara yabo n'amavuta yabo. Arashimika kandi ku kamaro ko kugiranira na we ubucuti bukomeye. Imisi yose ba uwiteguriye kunyakugwa kw'ishengero; uboneke ukora igikorwa c'Imana kandi ugira ingaruka mu Bwami bwayo!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

NDI UWITEGURIYE KUNYAKURWA KW'ISHENGERO! Ndatahura akamaro ko kuba muba mbere mw'inyakurwa ryo kuja mw'Ijuru. Ku gihe categekanijwe, nzoba niteguye kwi rembo ryo kunyakurwa! Aleluya! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Matayo 24:42-44

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: 2 Ab'i Korinto 3-7

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa mbere, itariki 8 Kigarama

SINSHOBORA KUNYIGANYIZWA

Ivyakozwe n'intumwa 20:24

Ariko simbabaye ubugingo bwanje nk'ah' ar'ubw' igiciro, kugira ngo ndangize urugendo rwanje, n'igikorwa nahawe n'Umwami Yesu, co gushingira intahe ubutumwa bwiza bw'ubuntu bw'Imana.

Woba uzokorera Umukama naho hoba hari ingorane zingana iki? Abakirisu benshi bovuga ngo "Ego!" Yamara rero, ivyo bakora ku musi ku musi akenshi vyerekana ibihushanye n'ivyo. Abantu amamiliyoni baranka gukorera mu Bwami bw'Imana kubera imikazo yo ku mbuga ngurukanabumenyi canke amajambo aca intege avuye ku runganwe rwabo no ku muryango.

Umurongo w'uyu musi uradondora neza ukuntu Intumwa Paulo yumviye Mpwemu Yera igihe yariko aragenda, azi neza ugutotezwa kwari kumurindiriyeye. Naho yashikiye n'imibabaro yose mu busuku bwiwe, yaramenyeshye ashize amanga yuko ata na kimwe muri ivyo kimukora ku mutima, eka mbere ntabona ko ubuzima bwiwe ari ubw'agaciro kuri we nyene. Yaranse guhungabana mbere n'igihe yari ahanganye n'urupfu! Nk'umwana w'Imana, n'ujane ubwo bushizi bw'amanga nyene maze umenyeshye isi igikorwa ca Kristo carangiye, naho ingaruka zoba zimeze gute.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Mpisemwo gukurikira Kristo naho hoba ukurwanywa kwose! Nta gitero c'umwansi gifise ubushobozi bwo kuntera ubwoba. JEWE SINYIGANYIZWA! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yohani 15:18

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umwansi: 2 Ab'i Korinto 8-12

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, itariki 9 Kigarama

KUBABARIRA

Abanyefeso 4:26

Ni mwaraka ntibibakoreshe icaha: izuba ntirirenge mukiratse,

Ivyanditswe bitubwira ko tutazoreka izuba riranga tukiri mw'ishavu. Rero nimba ico caha cabaye isaha imwe imbere y'uko izuba riranga, urafise isaha imwe yo kubabarira no gutera imbere! None noba nabababariye, bukeye na bo bakongera kunkoshereza? Subira kubabarira.

Muri (Matayo 18:21-22), Yesu yavuze kubabarira “incuro mirongo irindwi n'indwi”, bikaba ari ikigereranyo c'imbabazi zitagira aho zigarukira. Mu vy'ukuri, yashaka kuvuga ngo, “incuro ubabazwa,” kuko ufise ubushobozi bwo kubigira.

Abakirisu bamwebamwe baramara imyaka mirongo bagumye ku bibazo, bakibuka ibibi vya kera nk'aho vyabaye ejo. Ariko iyo Imana ikubabariye, ni igiki coshobora kuba kinini cane ku buryo utashobora kubabarira? Iyo uvutse n'Imana, kamere yawe ni iyo kubabarira. Imisi yose usabe imbabazi, canke ubabarire, kandi vyihuse, na vyo nyene. Ufise gushika izuba rirenze!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Kuva uno musu, mpisemwo kubona abandi nk'uko Imana ibabona. Nta n'umwe ntashobora kubabarira kandi nta kibi ntashobora gusabira imbabazi. Ndafise ubushobozi bwo kubabarira abandi amakosa yabo, kandi ndababarira n'umutima wanjye wose ubu nyene mw'Izina rya Yesu. Amen.

INYIGISHO IYINDI

Mariko 11:25; 1 Yohana 1:7-10

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: 2 Ab'i Korinto 13; Ab'i Galatiya 1:1-4:11

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu, itariki 10 Kigarama

GUSHIKIRA AMAHANGA

Zaburi 2:8

Nsaba, nzoguha amahanga, az' abe umwandu wawe, N'impera z'isi zize zibe ishamvu yawe..

Igihe Imana ivuga ngo, “Nzoguha abanyamahanga ngo babe iragi ryawe,” ivuga ivy'ugukora ku mitima n'Ubutumwa Bwiza n'ubugororotsi bw'Imana. Ivyo ni vyo nyene Intumwa zakoze, ziduha umugambi wo gukurikiza.

Igihe Paulo yamamaza iy' Efeso, yarahuye n'ukurwanywa gukomeye, ariko ntivyigeze bihagarika Inkuru Nziza. Yava mu mahanga aja muyandi mahanga, azi ko abanyamahanga ari bo ragi ryiwe; nta buryo yari gushobora gutsindwa. Bibiliya itangaza iti: “Uko ni ko Ijambo ry'Imana ryakuze, rikanesha” (Ivyakozwe n'intumwa 19:20). Urufunguruzo rw'ubwo bwoko bw'inyishu ni ugucumukura mw'isengesho.

Nimwisonzeshe kandi mukore mu gusengera igihugu canyu, igisagara canyu, ishure ryanyu, aho mukorera, n'ibindi, kandi nta nkeka, Ijambo ry'Imana rizokura n'ububasha kandi ritsinde. Ni wewe cizigiro n'umuti amahanga akeneye.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nzokwamamaza neza Inkuru Nziza ku bazimiye, mbakure mu mwijima mbashire mu muco w'Imana utangaje. Ijambo riratsinda mu gisagara canje, mu gihugu canje, no kw'isi yose mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Timoteyo 2:1-2

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ab'i Galatiya 4:12-6:18; Abanyefeso 1:1-14

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kane, itariki 11 Kigarama

UBUZIMA BURI MU MANA

Abakolosayi 3:2-3

Mushire imitima ku biri hejuru, ntimuyishire ku biri mw'isi. Kuko mwapfuye, kand' ubugingo bwanyu bukaba buhishanijwe na Kristo mu Mana.

Abavugabutumwa benshi bashimika ku gupfa kw'umubiri, yamara icanditswe c'uyu musu kivuga neza ko twamaze gupfa. Ntugenye kwongera "gupfa" kugira ngo ukorere Imana kandi ushire umutima wawe canke urukundo rwawe ku bintu vy'impwemu. « Kuko mwapfuye » bisigura ko uri umuntu mushasha, ubwoko bushasha bw'ikiremwa butigeze bubaho mbere.

Mwapfuye kw'isi, na yo yarapfuye kuri mwebwe (Abagalatiya 6:14). Icipfuzo co gusenga, guhimbaza

, kwiga no kuzirikana cane Ijambo. Ubu ni bwo buzima bwawe bushasha muri Kristo; n'uvuyiyemeze muri iki gihe c'ukwisonzesha. Mushire urukundo rwanyu kuri We, ku Bwami bwiwe bwo mw'ijuru. Mukunde n'umutima wawe wose kandi ureke ivy'impwemu bibe ivy'agaciro kuri wewe kuruta ibindi vyose. Reka ubu buzima bwimbitse muri Kristo bube ubumenyi bwawe bw'isaha y'ubu kuva uno musu!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndatuye ubu ko nkangutse ku bubasha buri muri jewe no ku wo ndi vy'ukuri muri Kristo. Nshira amaso yanje ku bintu vy'ukuri vyo mw'ijuru maze mpitamwo kuja kure cane muri Kristo mw'izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Ab'i Kolosayi 2:20

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi Abanyefeso 1:15-5:14.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatanu, itariki 12 Kigarama

INGARUKA Z'UBUKRISTO

Matayo 5:14

Mur' umuco w'isi. Igisagara cubatswe ku mpinga y'umusozi ntigishobora guhishwa.

Muri ibi bihe vy'iherezo, isi yamenetse irakeneye cane Ijambo ry'Imana. Abakristo ni bo bahindura, umuco uzana amabara y'Imana, nk'uko icanditswe c'uyu musu kibivuga. Wavukiye kuba inkurikizi n'inyishu y'amarira y'abakene. Nuko rero, ushire ubuninahazwa buri muri wewe mu bikorwa; ugaragaze ingeso nziza n'ubutungane bwa Kristo biri mu mpwemu yawe.

Uko wisonzeshya kandi usenga uno musu, wibuke ko ubukristo bukora gusa nk'uko umukristo akora. Iyo uba ari wewe wenyene wuzuye Mpwemu Yera mu gisagara cawe, canke mu gihugu cawe, hariho ingaruka zidasanzwe z'Ubutumwa Bwiza muri ico kibanza. Gira ingaruka nziza kw'isi yawe; gira ingaruka nziza ku buzima bwabandi n'Inkuru Nziza, kuko ivyo nivy' Mpwemu yipfuzaga n'ubugombe bwiwe ku buzima bwawe.

UKWAURA KW'UBUVUGISHWA

Ndatuye n'ububasha bwa Mpwemu ko amahanga azoshikirwa cane n'Injiri uko amajwi ya gikirisu azorushiriza kuvuga cane mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Habakuki 2 :14

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Ivyanditswe vyawe vy'uyu musu: Abanyefeso 5:15-6:24; Ab'i Filipi 1-2.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatandatu, itariki 13 Kigarama

GUTUNGANIGWA NI IVYANJE

3 Yohana 1 :2

Mukundwa, ndagusengera ng' umererwe neza muri vyose, uhore uhangaye, nk'uk' ubugingo bwawe bumere neza

Amatungo y'umubiri akenshi abonwa nk'ibimenyetso vy'uguterimbere, ni co gituma benshi bagereranya uguterimbere n'amahera; ariko birarenze ivyo.

Guterimbere ni ibintu vyinshi. Ni ubushobozi bwo gukora ivyo ushaka gukora, kuja aho ushaka kuja, no kuba ico ushaka kuba cose kugira ngo Kristo aninahazwe! Ni ubushobozi bwo guhimbara Imana, kugendana na Mpwemu, no kugira ubuninahazwa bwayo bugaragare mu buzima bwawe! Ni ubuzima bwuzuye umunezero n'ugutwenga kudahera! Kandi uretse ni kuruta ivyo umuntu afise, uguterimbere ni ubushobozi bwo gufasha abandi guterimbere.

Bibiliya ivuga ko Yosefu yari umuntu atunganye (Itanguriro 39 :2) kuko yatumye inzu ya shebuja Potifari itera imbere. Ntugenewe guterimbere gusa mu vy'impwemu, mu bwenge, ku mubiri no mu vy'umubiri, ariko kandi noguteza imbere abandi. Ukwo ni kwo guterimbere nyakuri!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndatuye ngo uguterimbere kuze kuri jewe ubu. Ijambo ry'Imana riraganza mu mubiri wanjye no mu vy'ubutunzi. Umuryango wanjye n'abandi bazotera imbere kubera jewe mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Gusubira mu vyagezwe 8:18; 2 Ab'i Korinto 8:9.

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ab'i Filipi 3-4; Abakolosayi 1

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku musi w'Imana, itariki 14 Kigarama

UMURYANGO WANJE

Yosuwa 24:15

...ariko jewe n'inzu yanje tuzokorera Uhoraho.

Yosuwa yaratahura ububasha bw'umuryango. Hafi y'iherezo ry'ubuzima bwiwe, yarakoranye abarongozi ba Isirayeli kugira ngo bamuhe ubutumwa bwa nyuma, abibutsa imihezagiro y'Imana ya kera (Yosuwa 24:1-14) yongera abahimiriza kuguma ari intahemuka ku Mana. Hagati mu butumwa bwiwe, yatangaje amajambo y'igihe benshi basubiramwo kandi bakagaragaza mu mihana yabo ati: "Ariko jewe n'urugo rwanje tuzokorera Umukama."

Raba ingene Yosuwa yabigize ivyiwe? "Ariko jewe." Amaherezo, bishika kuri ivyo. Ubwirizwa guhitamwo gukorera Umukama. Ntibizoshika ku mpanuka, kandi ntibishobora kuragwa. Abandi boshobora gutanga iragi ry'ukwizera, mugabo wewe utegerezwa gufata ingingo yo kurigira iyawe. Muri iki gihe c'ibirori, nimuhitemwo gukorera Imana nk'umuryango. Ni ingabirano ikomeye kuruta izindi zose woshobora gusangira. Musome ijamba hamwe, musenge hamwe mukure hamwe. Mukureho ububi bwose, mugire amahoro hagati yanyu kandi mureke urukundo rurongore. Tangura uno musi!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndatuye ko jewe n'umuryango wanjye tuzokorera Imana n'umutima wacu wose. Nta n'umwe muri twe bwe azosigara inyuma. Ivyacu ni urugo rushingiye ku Mana mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Zaburi 133:1; Ivyakozwe n'intumwa 10:28.

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ab'i Kolosayi 2-4; 1 Ab'i Tesalonike 1:1-2:12

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa mbere, itariki 15 Kigarama

IVUGISHWEKO

1 Timoteyo 1:18

Iri bgirizwa ndariguhaye, mwana wanje Timoteyo, nk'ukw abavugishwa n'Imana bakuvuzeko ubwa mbere, ng' ufashwe na vyo kurwana intambara nziza,

Bibiliya yuzuye amajambo y'imihezagiro n'ubuvugishwa bwerekeye ubuzima bwawe. Woba warabifashe nka nkama? None ubuvugishwa bwose bwavuzwe kuri wewe, harimwo n'ubwo bwanditswe kuri wewe muri Bibiliya, wabukoreye iki? Bamwe bati: “Nta n'umwe vy'ukuri yigeze ampa ijambo ry'ubuvugishwa ku bijanye n'ubuzima bwanje” Rero niwivugishweko wewe nyene!

Imana yavuze ko umukristo wese akwiye kwipfuza ingabire y'ubuvugishwa kuko n'ingabire ihambaye cane. Mu murongo w'uyu musu, Timoteyo abwirwa kurwana intambara nziza n'ubuvugishwa bwavuzwe kuri we. Ivyo bisigura ko yari gushobora kubikoresha nk'ibirwanisho. Ko iri ari Ijambo ry'Imana, ntirigarukira kuri Timoteyo gusa; birakuraba na wewe nyene. Muri GoodNews Nation, turi abantu b'ubuvugishwa, twakozwe n'ubuvugishwa; ivy'ubuvugishwa kuri twebwe biratworohera.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndatuye ko Ijambo ryose rivuzwe kuri jewe rizoshika naho hoba intambamyi. Ndatuye ko umuriro uza ugaturira ibimpagaritse vyose ubu, mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Daniyeli 11:32b; Ab'i Korinto 14:39

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi : 1 Ab'i Tesalonike 2 :13-5 : 28 ; 2 Ab'i Tesalonike

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, itariki 16 Kigarama

AMAGARA AVA KU MANA

3 Yohani 1:2

Mukundwa, ndagusengera ng'umererwe neza muri vyose, uhore uhangaye, nk'uk' ubugingo bgawe bumerewe neza.

Uyu murongo w'uno musu ntiwavuze ngo "Ukire," ariko wavuze ngo "Mukundwa, ndakwifuriza hejuru y'ibindi vyose ngo ugire umugisha kandi ube mu buzima bwiza." Ibi bisobanura ko umugambi w'Imana si uko ukira gusa igihe urwaye, ahubwo ni uko ubaho utarwara na rimwe! Imana ntiyipfuzaga kukubona uriko urarwara umutwe, ibicurane n'ubushuhe, diyabete, uburwari bw'igifu canke ibindi vyose vyogutuma wama uri kwa muganga.

Imana ishaka ko uba mu buzima busagutse, aho uba uri mu ntsinzi, aho indwara zitakigufata.

Ubuzima buvuye ku Mana burengeye ubwo kugira amagara meza gusa. Imana irashaka ko uva mu nzego z'ukubaho ugira ngo ubeho utagwara gusa, ariko ube mu rwego rurengeye, aho utazokwigera urwara na rimwe. Uri ikiremwa gishasha muri Kristo Yesu. Kanatsinda indwara ni ibintu vyo mu masezerano ya kera! Baho vy'ukuri ubuzima bw'Imana kuva uyu musu.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ubuzima buhoraho ni iragi nahawe n'Imana. Kuva uyu muni, ndatura yuko indwara zitazosubira kunkorako. Ubushuhe butandukanye, indwara, imigera ntibizokwigera biba hafi y'aho nibereye, mw' Izina rya Yesu! Amen

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 8:11, Yesaya 33:24

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umuni: 1 Timoteyo 1-5

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu, itariki 17 Kigarama

UBURAMBE

2 Timoteyo 1 :10

ariko none bwaseruwe n'ukuboneka kw'Umukiza wacu Kristo Yesu, yahinduye urupfu ubusa, ubugingo no kutagipfa akabiserurisha ubutumwa bwiza.

Muri Bibiliya, hari abantu babayeho imyaka irenga 900. Ariko igihe icaha cagiye cyongera, ubuzima bw'abantu bwaragabanutse cane (Itanguriro 6 :3). Uyu murongo w'ijambo ry'Imana utubwira ko Yesu Kristo yakuyeho icabaza umuntu kubaho igihe kirekire, ari co caha. Biciye mu kwitanga kwiwe, Yesu yaduhaye gukira icaha kandi atuma turonka ubuzima budashira.

Noneho, ntidukwiye gupfa? Ego cane! Turafise ubushobozi bwo kubaho kurenza imbibe z'ubuzima bwo kw'isi. Benshi muri twebwetuzobabazatukiri bazima kandi tuzokurwa mw'isi n'umubiri igihe inzamba izovuga Ishengero rikwiye gutahura kandi rikagendera mu muco w'iri banga. “Ufise ubuzima bw'Imana, ubuzima buva ku Mana. Ntibugengwa n'indwara canke urupfu! Uri umugabane w'ubwoko bw'Imana. Nimba Imana itarwara kandi idapfa, nta mpamvu n'imwe yokuguma uba mu mwonga w'urupfu!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Mpagaze m'ukwizera gukomeye mw'ijambo ry'Imana, kuko ari amagara ku mubiri wanjye no kubaho ku magufa yanje. Ubu nyene ndiko ndavuga, amajambo yanje ariko arekura ubushobozi buva ku Mana burema uruzitiro rukomeye rudashobora kwononekara rutuma ndonka uburambe mw'izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Zaburi 91:16, 1 Abatesalonike 4:16-17

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi:1 Timoteyo 6; 2 Timoteyo 1-4

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kane, itariki 18 Kigarama

INTSINZI NI IYANJE

Kuvayo 17 :11

Maze Mose iy' amanitse amaboko Abisirayeli baranesha: ngw ayamanure, Abamaleki bakanesha.

Mu rusengero, kenshi turavuga duti: 'Duza amaboko yanyu,' haba mu gusenga, mu kuramya canke mu guhimbaza. Kuberiki ? Kuko hari ububasha buri mu maboko yawe butanga intsinsi. Paulo yandikiye Timoteyo ati: 'Ndashaka ko abagabo aho bari hose basenga badugije ibiganza vyera, bataratse, batagira ibihari. '1 Timoteyo 2 :8

Reka turebe neza uyu murongo w'uyu musi. "Mu rugamba rwo kurwanya Abamaleki, Aroni na Huri barabonye ko intsinsi ya Isirayeli yari kuduza amaboko kwa Mose. Igihe yananirwa, baramwicaritse ku rutare, barafata amaboko yiwe ku mpande zose babandanya bayashigikira gushika aho Abamaleki batsindwa. Kuduza amaboko ni uburyo bwo mu Mwuka butuma utsinda ibihe vyose. Birashobora kudasobanuka mu bwenge busanzwe, ariko birakora mu kwizera! Nimba vyakoreye Mose, bizokora no kuri wewe igihe uzoduza amaboko yawe wongera watura intsinsi yawe uyu musi!"

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Igihe cose manitse amaboko mu gusenga, intambara zose mpura na zo uyo musi ndazitsinda ! Ndiyaturira intsinsi muri vyose mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Yohana 5 :4, Zaburi 63 :4

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Tito 1-3 ; Filemoni 1 ; Abaheburayo 1 :1-2 :10



Ku wa gatanu, itariki 19 Kigarama

ISI Y'INKURU NZIZA

Abaroma 8 :14

Abarongorwa na Mpwemu w'Imana bose ni bo bana b'Imana

Uyu murongo uvuga ku gukura mu mpwemu, ku bana b'Imana buzuye Umwuka w'Imana, atanakimwe bashobora gukora kiretse barongowe gusa n'Umwuka Wera. “Nk’uwukurikira iyerekwa rya The GoodNews World, menya gukurikira Mpwemu w'Imana biciye mw'Ijambo, mu kuvuga Ijambo, no mu kubaho mu Ijambo. Ntuzotore ingingo ikomeye mu buzima bwawe utabanje kumugisha inama. Fata umwanya wo kumwumviriza; wihangane gushika wumvise ijwi ryiwe, amajambo yiwe, muri wewe. Kandi ntuzigere uca kubiri n'ivyo yavuze mw'Ijambo ryiwe. Ivyo ni vyo vyerekana ukwo gukura kw'ukuri.”

“Iyo ufise Mpwemu Yera nk'imashini itanga umurongo w'ubuzima bwawe, nk'ibarabara ry'ubuzima bwawe azogushikana gusa ku vyerekezo bitunganye, mu buzima bwawe no mw'Ishengero. Spirit Embassy ni wewe, Intumwa ya Mpwemu w'Imana. Nimba uyoborwa na Mpwemu, Ishengero na ryo rica riyoborwa na Mpwemu.”

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ijambo ryose risohoka mu kanwa kanje, intambwe zose ntera, n'ingingo yose mfata, vyose birayoborwa na Mpwemu w'Imana. Nzohindura isi yanje hamwe n'ishami ry'ishengero ryanje ku neza, mu Izina rya Yesu.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Petero 5:2-3, 1 Yohana 1:6-7

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Abaheburayo 2:11-6:20



Ku wa gatandatu, itariki 20 Kigarama

GUSENGERA ABATWARE

Abaroma 15 :30

Nuko ndabinginga, bene Data, kubw' Umwami wacu Yesu Kristo, no kubw' urukundo ruva kuri Mpwemu, murwanane nanje munsabire Imana,

Mu vyanditswe vyiwe, Intumwa Pawulo yagiye asaba abakristo kumusengera, kuko yarazi ko amasengesho yabo ari yo atuma igikorwa ciwe c'ibango coroha, kandi uko kuri kuracakora no muri iki gihe. Nk'umukristo, urahamagarirwa gusengera abantu Imana yashize hejuru yawe, kubw'izina rya Yesu Kristo, no kubera ko ukunda Mpwemu Yera.

Ubandanije gusoma, uzosanga amasengesho nk'aya afasha cane Umubiri wa Kristo. Paulo yasiguriye ukuntu ayo masengesho afasha Ubwami. Iyo usengera abarongozi bawe, imitima irahinduka, ubuzima burahinduka, kandi izina rya Yesu rirashirwa hejuru. "Kumenya ko abera babasengera bitera n'abayobozi b'ishengero batoranijwe kugira ubutwari n'ishaka ryo gushikama." "Bahagararana ubutwari bwinshi ku rugamba, bazi ko uriko urabashigikira mu masengesho. Nuko rero, imenyereze kubikora kenshi."

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndatuye uburambe, amagara meza ava ku Mana, amahoro n'umunezero ku bari mu buyobozi! Ndatura ko baronka inguvu nshasha zo gukora ibirenze mu Bwami bw'Imana, kugira ngo n'imitima myinshi ironke Kristo, mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abanyefeso 6 :19, Abakolosayi 4 :3

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Abaheburayo 7-10

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku muni w'Imana, itariki 21 Kigarama

ISENGESHO IMANA ISHAKA KO DUSENGA

Matayo 9 :37-38

Maz' abwira abigishwa biwe, at' Ivyimburwa ni vyinshi, arikw abimbuzi ni bo bake. Nuko ni mwinginge Nyen' ivyimburwa arungike abimbuzi mu vyimburwa vyawe.

Imana ntishimye kenshi gusaba amasengesho, ariko iyi ni imwe muzu isaba. Igihe Imana ibikoze, irekane icyumviro c'umutima wayo, iguha akaryo ko gukorana na Yo mu gushitsa umugambi wayo kw'isi. Ni yo Mana nyene yavuze iti: "Iyo noba nshonje, sinobibabwira" (Zaburi 50 :12). Ariko, irafata umwanya wo kumenyesha ico ishaka. Ivyo bigutera kumenya ukuntu ico isaba gifise agaciro kanini cane.

Ico Data wa twese yifuza kuruta ibindi ni abakozi, bemera kuja gusarura imitima y'abantu barindiriye gukizwa. Igihe c'iminsi mikuru ya Noheli ni akaryo keza cane ko kwishura iryo sengesho. Imitima ugiye gutsindira yarateguwe neza kandi irarindiriye, ni co gituma ata mpamvu yo kurinda kubisengera. Igikenewe nyaco ni abakozi. Ibi nivy'ubiri ku mutima w'Imana— kora kugira ngo bikoreke ubu !

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndavuga mw'izina rya Yesu ko ndi inyishu y'amasengesho y'Imana, ndi umukozi w'umuhizi kandi vy'ukuri nzosarura umwimbu munini wo mu misi y'iherezo

Umuntu wese duhura uno musi ataramenya Imana, arahindukirira kuri Yo kandi abaho kubwa Yo mw' Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yohana 4 :35

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Abaheburayo 11-13

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa mbere, itariki 22 Kigarama

YESU YARABIKOZE

Abikolosayi 1 :27

abo Imana yakunze kumenyesha itunga ry'ubwiza bw'iri banga, rivugwa mu banyamahanga, ni ryo Kristo ari muri mwebwe, ivyizigiro vyo kuzoronka ubgiza.

Kimwe mu vyatumye duhimbaza Noheri cane nuko Yesu yashitse kuco yatumwe ! Ivyo yazanywe gukora yarabikoze! Imana lhabwe icubahiro! Niwibaze ingaruka mbi zari kubaho iyo atashitsa igikorwa camuzanye. Ubuzima bwacu bwari kuba ubusa kandi bugoye kubaho, ata kwizigira. Ariko yaraje, arabaho, arapfa, kandi arazuka kugira ngo wewe nanje tubeho ubuzima nyakuri.

Inyuma y'uguhura kw'abantu, imfungurwa, umuziki, n'ugusangira, Noheri ivuga Kristo — Uwo ari we be n'ico yazanywe gukora. Matayo 1 :23 ivuga iti, “ngo Rāba, inkumi izotwara inda, ivyare umwana w'umuhungu, Bazomwita Imanuweli;risobanurwa ngw Imana iri kumwe natwe”

“Imana iri kumwe natwe; ntituri twenyene! Umuremyi aba hagati mu vyaremwe vyawe — ni umugisha udasanzwe!

Iyi Noheri, niwibuke ko isabukuru ari iyiwe, ariko ni twabwwe twahawe ingabire!

Tunezererewe rero ingabire ari we Kristo uyu musu!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Kubera ko Kristu ari muri jewe, ntibishoboka konanirwa! Ubwiza bwiwe buzurushiriza kwakira ubuzima bwanje uherye uyu musu, mw'Izina rya Yezu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yohana 1:14

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yakobo 1:1-4:10

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, itariki 23 Kigarama

IKIBANZA C'UBUSHOBOZI

Abanyefeso 1:20-21

... ukwo yakoreye muri Kristo, hamwe yamuzura mu bapfuye, ikamuvyagiza i buryo bwayo ahantu ho mw'ijuru, imushize hejuru cane y'ubukuru bwose n'ububasha bwose n'ubushobozi bwose n'ubwami bwose n'izina ryose rivugwa, si mur' iki gihe gusa, ariko no mu kizozo.

Hari abavuga bati: «Kandi ni ukuboko kwanje kw'iburyo», bisobanura ko babaserukira kandi bakavuga mw'izina ryabo. Navyo nyene, iyo Bibiliya ivuga ko Yesu yicaye iburyo bw'Imana, bisigura ko afise intebe y'ububasha, Imana ikora biciye kuri we.

Umukama Yesu afise ububasha butagira uko bungana kuri vyose; Izina ryiwe rihagaze hejuru y'izina ryose, kandi ubutware bwiwe burarengeye urugero rwose n'ubukuru bwose bw'ububasha. Iciumviro ciza cane ni uko uri umunyamuryango w'ubwo bubasha nyene! Uwo ni Umukama Yesu Kristo duhimbaza ubu, si uruyoya ruri mu bwato! Ubukuru bwiwe nta n'aho bugarukira, kandi nta n'umwe afise bangana Aleluya! Uyu musi, genda uzi ko ufise ububasha bwose ku bintu bizoshika kuri uwo musi.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndi mu kibanza c'ububasha n'ubukuru biciye kuri Kristo! Ubwami bwose afise, nanje ndabufise. Nuzuye ububasha kandi ndahezagiwe mw'izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaheburayo 1:1-3.

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c' umunsi : Yakobo 4 :11-5 :20; 1 Petero 1:1-3:12

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu, itariki 24 Kigarama

GERAGAZA URUKUNDO RWawe

Abanyefeso 3 :19

Mumenye urukundo rwa Kristo ruruta uko rwomenywa; ngo mubone kunengeserezwa mushitse ku kunengesera kw’Imana kwose

Mu gihe ca Noweli, biroroshe kuvuga ngo “Ndagukunda”, ni kimwe mu bigize “impwemu ya Noweli.” Ariko benshi bihenda ngo ukwihanganira ni urukundo, biyumvira ko ari kimwe. Mu Balewi 19:18, Bibiliya iravugaga iti: “Ukunda mugenzawe nk’uko wikunda wewe nyene.” Ijambo “umugenzi” aha ryerekeza ku bari kumwe nawe, abagenzi, umuryango, abagize ishengero, atari ababanyu nyabo gusa. Ariko none ni bangahe bashobora kuvuga ata buryarya ko bafata abandi neza nk’uko bifata bo ubwabo ?

Umukama Yesu yaraje yerekana urukundo rw’Imana mu buryo butandukanye. Yavuze ati: « Nta wufise urukundo ruruta urw’umuntu yigira abagenzi biwe» (Yohana 15, 13). Yatweretse urukundo akoresheje uburyo Imana ibona, kandi ntiyamamaje urwo rukundo gusa, ariko kandi yararugaragaje. Iyi Noweli, n’ushireho ingingo yo kwemeza ko ukunda abandi.

UKWATURA KW’UBUVUGISHWA

Urukundo rw’Imana rwasutswe mu mutima wanjye; rero, gukunda abandi cane bizonyorohera. Nzokwerekana urwo rukundo kurushirizaho iyi Noweli mw’Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Ab’i Galatiya 2:20

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c’umunsi: 1 Petero 3:13-5:14; 2 Petero 1-2.

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa kane, itariki 25 Kigarama

UBUTUMWA BW'UMUMARAYIKA

Luka 2:11-14

Uyu musi Umukiza abavukiye mu gisagara ca Dawidi, ni we Kristo Umwami. Iki ni co kimenyamenya canyu, murasanga umwana w'uruyoya azingiriwekw impuzu y'uruyoya, aryamitswe mu bwato bw'inka. Uwo mwanya hamwe n'uwo mumarayika haboneka ingabo nyinshi zo mw ijuru, zihimbaza Imana, zit' Icubahiro ni kibe ku Mana ahasumba ijuru, No mw isi amahoro abe mu b'inezererwa

Mbega ubutumwa bwiza bwo kwumva, umusi vyose vyahindutse vyiza kuri wewe na jewe, aleluya! Yesu yavukiye gushitsa ubugombe bwa Se, urukundo rw'Imana rwagaragajwe. Yabaye Umwagazi w'intama w'ikimazi, ariha ikiguzi c'agakiza kandi azana abantu mu bumwe n'Imana.

Ibaze Imana izi vyose, Ishobora vyose ifata ingingo yo kutakwitegereza ubaho wenyene ahubwo ikarema umugambi mukuru wo kubana nawe no muri wewe. Aho uja hose, ivyo ukora vyose, ari kumwe nawe. Iryo ni ryo tunga riruta ayandi yose abantu bahawe. Himbaza ivuka ryiwe uno musi, uzi ico ryakuzaniye.

Noweli nziza !

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndavugishijwe ko imisi yose y'ubuzima bwanje, ntazokwigera nibagirwa akamaro nyakuri ka Noweli. Nzokwiragiza ubu butumwa bw'umutima mwiza ku muntu wese wo mw'isi yanje. Urakoze Mukama Yesu ! Aleluya ! Imana ihabwe icubahiro. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

2 Ab'i Korinto 4:7.

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: 2 Petero 3; 1 Yohana 1:1-3:12

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatanu, itariki 26 Kigarama

KURUTA JEWE

Ab'i Filipi 2:3

Ntimugire ico mukora kubwo gukebana cank'ukwifata uko mutari, ariko mwicishije bugufi, umuntu wese yiyumvire yuko mugenzi we amuruta

Bimeze gute iyo ushitse ku kazi canke muri kaminuza ugasanga umukinyi mwiza kuruta abandi bose kw'isi ari we akurongora canke ari umwigisha wawe? Benshi bogira ico bakoze kugira ngo bumve ko bakiriwe neza, bamwebamwe boshobora mbere kureka ivyo barya kugira ngo babahe icubahiro gusa. Umurongo w'uyu musi ukubwira ngo ukore ivyo nyene kuri BURI WESE!

Ijambo "uguha agaciro" rikomoka ku kigiriki hēgéomai, risobanura guharura canke kwihweza. Bisobanura kugira n'ibigirankana icyumviro co gushira abandihejuru yacu nyene, ugahindura ingene ubafata, baba bazwi canke batazwi. Ibaze iyo twese tubaho gutyo, tukicisha bugufi kugira ngo tubone abandi ko baturuta, ingorane nyinshi zo kw'isi zoba zaheze.

Uko dutangura kuraba umwaka mushasha, wiyemeze guha abandi icubahiro kuruta wewe nyene no gushira imbere ivyo bakeneye. Ntizokorana n'ubwikunzi buri muri wewe gusa, ariko kandi izokwigisha abo muri kumwe icigwa gikomeye co kwitanga ku bw'abandi!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Muri uyu mwaka uza, nzokwerekana ukutagira ubwikunzi nk'uko ntigeze mbigira. Abantu bazobona Kristo biciye muri jewe mw'izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yakobo 4:6

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umusi: 1 Yoh 3,13-5,21; 2 Yoh, 3 Yoh; Yuda 1:1-16

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatandatu, itariki 27 Kigarama

UMUTEKANO MU MBWA ZO MWISHAMBA

Luka 10 :3

Ni mugende, raba ndabatumye muri nk'abana b'intama mu mabingira hagati.

Kurungikwa nk'umwagazi w'intama mu mbwa zomwishamba vyoshobora gusa n'ibidafise akamaro kanini. Nakare, imbwa zo mwishamba zirarya intama. Urabona, intama zirashobora gushikiwa n'ingorane, ariko gusa bivana n'umwungere wazo.

Umukama Yesu Kristo, umwungere wacu mwiza, yatanze ubuzima bwiwe kugira ngo turonke ubuzima bwinshi (Yohana 10, 10-11). Yatanze ubuzima bwiwe kugira ngo akingire ubuzima bwawe, akurinde akaga k'ibirura vy'inkazi. Yarishe igiciro kizimvye kuruta ibindi vyose kugira ngo akingire kandi azigame ubuzima bwawe ububabare.

Uri muni y'uburinzi n'uburongozi bw'umwungere mwiza. Ntaco ariko aragutuma hanze wenyene kandi ntazokwigera aguheba, rero ntutinye akaga. Uko urindiriye umwaka mushasha, umwungere wawe mwiza aragushigikiye !

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Uko ngenda mumusi wanjye, nta kaga gashobora kunkorako n'umuryango wanjye. Ndongorwa n'Umwungere wanjye Mwiza, yamaze kunkingira no kunkiza akaga. Aleluya! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Ezekiyeli 34:11-16

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c' umunsi: Yuda 1:17-25; Ivyahishuriwe Yohana 1-4.



Ku musi w'Imana, itariki 28 Kigarama

INYISHU YIGITANGAZA

Gusubira mu vyagezwe 29:5

Kandi Uhoraho ati namaze imyaka mirongwine mbarongora mu bugaragwa ; imyambaro yanyu ntiyabashiriyeko, n'inkweto zo mu birenge vyanyu ntizabashiriyeko

Uko abasavyi b'Imana bagenda baja mu gihugu c'isezerano, impuzu zabo ntizigeze zisaza, n'ibirato vyabo ntivyigeze bisaza. Iyo ni inyishu y'igitangaza! Ntukirengagize ko vyamaze imyaka mirongo ine, imisi 14.600 y'bitangaza!

Mu bihe bisanzwe, ibirato bikwiye guhindugwa inyuma y'amezi umunani canke cumi n'abiri. Yamara rero ibirato vy'abana b' Isirayeli vyaramaze amezi 480 bidakeneye guhindugwa! Boba bagumye bafise imyaka imwe canke bagumye bafise ubunini bw'ikirenge bumwe muri iyo myaka mirongo ine? Oya, imibiri yariko irakura, iratera imbere, kandi irahinduka, ariko Imana yarayibungabunga mu buryo budasanzwe, ntiyigeze ihagarika umutima ku vyo ikeneye. Ivyo vyari intunganyo yo mw'Isezerano rya Kera. Ni igiki kindi Imana izogukorera wewe wavutse ubwa kabiri? Ntuhagarike umutima, Imana yama itanga, naho ivyoba bikenewe vyoba bingana gute!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndavugishijwe ko kwishugwa bidasanzwe ari vyo bimenyerewe mu buzima bwanje! Nta ciza nzobura muri 2026! Inzu yanje y'imfungurwa izokwama yuzuye, n'ibikoresho vyanje vy'impuzu bizoseseka! Umuryango wanjye urahazagiwe mw'izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

2 Ab'i Korinto 9:8

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umusi: Ivyahishuriwe Yohana 5:1-9:11

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa mbere, itariki 29 Kigarama

GARANTI Y'IMANA

Abanyefeso 1 :13

Muri we namwe mumaze kwumva ijambo ry'ukuri, ni ryo butumwa bwiza bw'agakiza kanyu, mumaze no kumwizera, ni ho mwashiriwekw' ikimenyetso, ni co Mpwemu Yera yasezeranywe

Mu kugurisha ibintu mu mashirahamwe, abahinguzi b'icubahiro barashirako amazina y'ibintu vyabo kandi akenshi baratanga garanti, bagaragaza ko bizigira uburyo bimeze mu gusezerana ko bazobisanura canke kubisubirira iyo vyononekaye mu kiringo kinaka.

Mu buryo nk'ubwo nyene, warashizweko ikimenyetso kandi ushirwako ikidodo n'waremye isi n'ikirere! Ibikorwa vy'Imana muri wewe nta neza bifise, kandi garanti yayo ku buzima bwawe ntizokwigera ihera. Igitero cose c'umwansi kigerageza gusenya, kwonona canke kuguca intege mubuzima bwawe ntikizokwigera gitera imbere. Ubuzima bwawe burapfutse n'ingwati y'Imana, igatuma ingorane zitazokwigera zinjira mw'irembo ryawe. Iyo ugendera muri uku kuri kw'impwemu kw'uwo yakuremye, uzotera imbere kure cane y'ivyoyi wiyumvira!

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Ndi igihimba c'ubushobozi bw'Imana bwo kurema! Imana, umuhunguzi w'iherezo, yashizeho ambarugo yuburenganzira budahera ku mwansi kugira ngo iyo hari uwugerageje kunkorako, ntaco azogira na gato mw'Izina rya Yesu ry'ububasha! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yesaya 54:17

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ivyahishuriwe Yohana 9:12-14:8.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, itariki 30 Kigarama

WARATORANIJWE

Abacamanza 6:15

Aramubwira ati: “ Mbega Abisirayeli nobakiza nte ga Mwami wanje? Inzu yacu kwari iyo hasi mu muryango wa Manase, nanje nkaba ndi’umuherezzi kwa data!”

Icanditswe c’uyu musu, kivuga ivya Gideyoni, kirahishura ukuri kw’impwemu kw’agaciro guhambaye kugira ngo urorirwe mu kugendana na Kristo. Abakirisu benshi bishingira gusa ku ngingo mfatirwako zishirwaho n’abandi, aho baba canke ikibanza bafise mu kibano. Bakekeranya ku muhamagaro w’Imana kuko bemeye ukuntu isi ibona abo ari bo. Ariko ivyo ubona ko bigutera ingorane ni vyo bigufasha kuba umurinzzi w’umuryango wawe.

Iyumvire iyo Gideyoni aguma aboshwe n’ivyiyumviro vy’abandi kuri we, intsinsi nyinshi cane zoba zaratakajwe, vyose bikaba vyabaye kubera ko yasuzuguye agaciro afise mu Mana! Uko dusoza umwaka, menya neza ko uguhitamwo kw’Imana kuri wewe guhagije kugira ngo uce inzitizi yose mu mwaka mushasha. Yagutoye nk’umwe mu biwe, kandi azogukoresha cane mu gikorwa c’Ubwami kiri imbere!

UKWATURA KW’UBUVUGISHWA

Imyaka yanje ntaco imaze; umuco wanje, aho nakuriye, igitsina canje canke ubwoko bwanje ntaco bihindura ku bijanye n’urugero rw’imihezagiro nzoroka mu mwaka mushasha! JEWE NDATORANIJWE! Aleluya. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yosuwa 1:9.

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c’umunsi: Ivyahishuriwe Yohana 14:9-18:24

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu, itariki 31 Kigarama

TANGURA KWANDIKA

Zaburi 45:1

...Ururimi rwanje ni ikaramu y'umwanditsi w'umuhinga.

Iyo ugerageje gutanga sheki y'ubusa muri banki, uwuyakira azovuga ko ataco imaze, ntaco yanditseko. None wewe ukora iki? Urayuzuzwa.

Imana yaguhaye sheki y'ubusa, uno musu, umusi wa nyuma w'umwaka, urafise umwidgegemvyo wo kuyuzuzwa ivyo wipfuzwa mu mwaka mushasha. Salomo amaze kwakira sheki yiwe y'ubusa, yaravuze icipfuzo ciwe, maze ubwo nyene, Imana imubwira ko yaronse!

Ubu nyene, n'ururimi rw'umwanditsi yiteguye, wuzuze amasheki n'impapuro z'umwaka wa 2026. Koresha ikaramu y'ururimi rwawe kugira ngo utangure kuvuga mu mwaka mushasha, ukore ikarita y'inziya yose uzofata. Nimushire ikimenyetso ku ntambwe yose wipfuzwa gushikako. Vuga uguterimbere, amagara y'Imana, umunezero n'ivyiza vyose. Ivyo muvuga nivyo nyene umwaka uzoba!

Muzane 2026!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Uyu mwaka mushasha uzoba umwaka wanjye wo gusobanukirwa. Ndamenyeshya ubuzima bwanje ko ari bwiza! Sinzorira amarira y'umubabaro, kandi sinzobura itiro, mbere n'umusi umwe. Umwaka wanjye ushizwe mw'izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Imigani 18:21

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ivyahishuriwe Yohana 19-22

www.goodnewsdailydevotional.com

UMWAMI WACU YESU KRISTO

Umwami wacu Yesu Kristo ni we buye ry'imfuruka ry'ukwemera rukristo. Ubuzima bwiwe n'inyigisho ziwe vyaragize ico bikoze cane ku bijanye n'ingene kahise kagenda. Umukama wacu Yesu Kristo azwi cane kubera imbabazi ziwe zitagira uko zingana, ubukerebutsi bwiwe n'ibitangaza yakoze. Ubutumwa bwiwe bwari bushingiye ku rukundo, imbabazi, n'isezerano ry'ubuzima budahera, bugatanga icizigiro n'ugucungurwa ku bamwizera bose. Mu busuku bwiwe bwose, yaragendeye ibihugu vy'i Yudaya, arakiza abarwaye, arahumuriza abagowe, yigisha ivy'ubwami bw'Imana bwamaho.

Kwakira Yesu Kristo nk'Umwami wawe n'Umukiza wawe bwite bisigura kwemera inyigisho ziwe no gutumira ukubaho kwiwe guhindura mu buzima bwawe. Ni urugendo ruja ku gushitsa ivy'impwemu, rushingiye ku kwizera, urukundo n'isezerano ry'agakiza.

Kubera Umwami wacu Yesu Kristo, turaronka inkomezi, icizigiro, n'inzira ijana mu mahoro yamaho. Gukira, canke gukizwa, ni ukuyobokera Imana, umugambi n'umugambi wayo ku buzima bwacu. Ni ukuva mu ngeso za kera tugahindukirira Yesu Kristo, tukagusaba imbabazi z'ibicumuro vyacu, akaduha ubuzima bushasha muri we.

Abaroma 10:9 havuga ngo:

"Kuko niwaturisha akanwa yuko Yesu ari Umwami, ukizera mumutima yuko Imana yamuzuye imukuye mubapfuye, uzokizwa."

Agakiza ni ingabire y'Imana ku buntu itugira abana bayo. Ni ukwemererwa mu muryango w'Imana burundu no guhabwa ubushobozi bwo kubaho mu buryo bushitse kandi bw'ukuri, ufise intumbero yo kwerekana Imana ku bindi biremwa vyayo vyose.

WOBA WARAKIRIYE YESU KRISTO NK'UMWAMI N'UMUKIZA?

TURAGUTUMIYE KWAKIRA YESU KRISTO
NK'UMWAMI N'UMUKIZA BICIYE MURI RINO
SENGESHO RIKURIKIRA

"MWAMI MANA, NDAJE IMBERE Yawe
MW'IZINA RYA YESU KRISTO. NDIZERA
N'UMUTIMA WANJE WOSE YESU KRISTO,
UMWANA W'IMANA NZIMA. NDIZERA KO
YAMPFIRIYE KANDI KO IMANA YAMUZUYE
MUBAPFUYE. NDIZERA KO ARI MUZIMA
UNOMUSI. NDATAUYE N'AKANWA KANJE KO
YESU KRISTO ARIWE KUKAMA W'UBUZIMA
BWANJE KUVA UYU MUNSI. KUBERA WE
N'IZINA RYIWE, MFISE UBUZIMA BUDAHERA;
NARAVUTSE UBWA KABIRI. URAKOZE MWAMI,
KUKO WAKIJIJE UMUTIMA WANJE! UBU NDI
UMWANA W'IMANA. ALELUYA!"

IMANA ISHIMWE, UBU URI UMWANA W'IMANA.

To receive more information on how you can grow
as a Christian, please get in touch with us on

UK: +44 3333 448 612 / USA +1 240 781 6942
RSA +27 51 004 0209

www.uebertangel.org | www.goodnewsworld.com

IMIRONGO YA BIBILIYA YO GUKINGIGWA

YESAYA 54.

14 NKOMEZWA N'UKUGOROROKA;
UGUHAHAZWA KUZOMBA KURE, NTACO
NZOTINYA; KUKO IBITERA UBWOBA
BITAZONYEGERA

15 NIHAGIRA ABANTERA, SI IMANA IZOBA
IBATUMYE; ABANTERA BOSE BAZOGWA
IMBERE YANJE

16 EHE NI IMANA IREMA UMUCUZI AHUHA
AMAKARA YUMUVUBA, AGAKURAMWO
ICO KURWANISHA KUBWO UBUHINGA
BWIWE; ARIKO KANDI NIYO IREMA
UMURANDUZI WOKUGESEZA.

17 NTA KIRWANISHO BACURIYE
KUNRWANYA KIZOGIRA ICO KIMARA;
KANDI URURIMI RWOSE
RUZOMPAGURUKIRA KUMBUBURANYA,
NZORUTSINDA. IVYO NO VYO MWANDU
WWANJE NK'UMUSAVYI W'UHOHAHO,
KANDI UKWO NI KWO KUGOROROKA
KWNJE KWANDURUKA KURI WE; NI
UHOHAHO ABIVUZE.

IBI NIVYO IMANA IMVUGAKO KANDI
SINZOTSINDWA MW'IZINA RYA YESU!

TRANSLATED FROM THE MESSAGE BIBLE IN ENGLISH

UMUYOBOZI WAWU UBUVUGISHWA IMISI YOSE

Igitabu c'ijamba ry'ubuhanuzi bwa muri mu bu kiraboneka muri verisiyo y'imiyabaga n'abana, hamwe n'iki nyamukuru, kiguhajamba ryawe ry'ubuhanuzi ryo kumusi kumusi rivuye mu mutima w'Umuhanuzi Ubert Angel. Iyo biganirye vy'ugusenga bigenewe gutuma ijamba ry'Imana ryambara umubiri ku muntu wese wo mu muryango wawe. Igitabu c'abana cigisha ukwizera, urukundo n'amasezerano y'Imana mu buryo buteye umunezero kandi butahuritse kubana bato, mu gihe igitabu c'imiyabaga gitanga ubumenyi bwimbitse bwo kubayobora mu buzima nokubaha ubwenge n'inkomezi vy'impwemu. Buri mu si, nuronke ubuyobozi bw'ubuhanuzi bujanye n'ukugendana n'Imana, kumyaka yose wubufise! Ntukwe n'aka karyo maze ubone kopi yawe ku buntu uno mu si.



SCAN ME

YVANDITSWE N'UMUHANUZI UBERT ANGEL

@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

IKORANIRIZO RY'INKURU NZIZA ZA BURI MUNSI

GURA KOPI
YAWU UYU
MUSI!



Ugushaka Ijambo ry'Imana: Menya Ubutunzi bwo mu Mpwemu biciye ku Inkuru Nziza z'Imisi Yose. Kugira ngo uronke buzima bushinze imizi muri Kristo, ukwihebera Ijambo ry'Imana ata guhungabana ni ryo buye ry'imfuruka. Igitabo c' insanganyamatsiko z'Inkuru Nziza z'Imisi Yose, Umuzingo wa 1, ni igikoreshe kitagereranywa muri runo rugendo, gitunganya neza Inkuru Nziza mu bice vy'insanganyamatsiko kugira ngo umuntu yige neza kandi ashobore gutahura bitagaranye.

UYANDITSWE N'UMUHANUZI UEBERT

KAZE KU MBUGA NGURUKANABUME NYI ZACU!

VYANDITSWE N'UMUHANUZI
UEBERT ANGEL

TEMBERA K'URUBUGA RWACU

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

    @GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL



Habwa Inguvu za misi yose n'ugukura mu vy'impwemu mu gusoma urubuga rw'Inkuru Nziza y'Umusi. Niwibike mw'Ijambo ry'ubuhanuzi ry'uwo musi maze ubone ibintu bigutunga bizohindura ubuzima bwawe. Ntukikwe n'akaryo ko gukomeza ukwemera kwawe no kuronka umunezero mw'Ijambo ry'Imana. Tembera k'urubuga rw'Inkuru Nziza ku musi uno musi!


For more information visit: www.goodnewsdailydevotional.com

You can also send an email to: gnd@goodnewsworld.com


Or Call At: **USA: +1 (240) 781-6942 UK: +44 333 344 8612**

ZW: +263 773 195 955 RSA: +27 (51) 004-0209

UMVIRIZA IMISI YOSE KURI



Nimwifatanye n'umuryango wacu w'abateze amatwi kw'isi yose batangura umusi wabo bumviriza Inkuru Nziza y'Umusi. Umviriza Inkuru Nziza y'Umusi kuri Spotify maze ibe umugenzi wawe mu nzira ijana mu gukura mu vy'impwemu no mu kuri kwa Bibiliya biciye mw'ihishurirwa n'inyigisho z'Umuhanuzi Uebert Angel



UMVIRIZA IMISI YOSE KURI



Turabazanira intahe z'ukuri ku ngaruka Inkuru Nziza y'umusi yagize kw'isi yose biciye ku muhoro wacu wa YouTube. Nk'inyigisho yaburi muni yambere, Inkuru Nziza y'umusi, yarakoze ku buzima bw'abantu batagira uko bangana, ikwiragiza ubutumwa bw' ivyizigiro, urukundo n'ukwizera. Biciye mu nyigisho zikomeye cane z'Umuhanuzi Uebert Angel, igitabu c' Inkuru Nziza y'umusi caracitse igikoreshe gikomeye c'umuntu wese ku giti ciwe kikazana guhinduka, kigatuma abantu ku giti cabo, imiryango n'abana bagira ubuzima bw' intumbero n'ugushitsa.

Vyanditswe n'Umuhanuzi Uebert Angel



SUBSCRIBE NOW

    @GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM



BA UMUFATANYABIKORWA W'URURIMI

Ifatanye natwe muri iki gikorwa kidasanzwe mu gushigikiza uburyo no gusangira n'abandi inyigisho y'Inkuru Nziza ya buri musi kugira ngo dushobore gukora ku mitima y'abantu amamiliyoni kw'isi yose. Twese hamwe, turashobora gukwiragiza ubutumwa bw'ubuntu bw'Imana mu bisagara vyose, mu nzira zose, no mu nzu zose, mu ndimi nyinshi, hose. Buri kwezi, abafatanyabikorwa bacu baratanga ku buntu kopi z'igitabu c'Inkuru Nziza y'umusi ku bantu baba mu bigo vy'impfuvyi, mu mabohero, mu bitaro, mu bigo vy'abageze mu zabukuru, mu mashure, mu bigo vya Leta, no mu bindi bibanza bitagira uko bingana kw'isi yose. Twararonse intahe z'agakiza, ugukira, ubuntu bw'Imana n'ibindi vyinshi biciye muri iri sekeza ry'ugukwiragiza ubu butumwa kw'isi yose. Ba umunyamuryango wuzuye muri iki gikorwa c'ubuninahazwa bw'Imana mu guha umuntu akaryo ko gutangura ubuzima bushasha no gusubira kuronka icizigiro c'ejo.

VYANDITSWE N'UMUHANUZI UEBERT ANGELA

@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

SPONSOR AT: WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

IKI GITABU KIRABONEKA MU NDIMI NYINSHI

UMUHAMAGARO MPUZAMAKUNGU USABA INGENGENGO ISHIKA MUMAKUNGU

BA UMUFATANYABIKIRWA W'IGITABU C'INKURU NZIZA Y'UMUSI

Biciye mu bufatanyabikorwa bwanyu bw'ubugwaneza n'infashanyo y'amahera, turashobora gusangira inyigisho y'Inkuru nziza y'umusi ku mfuruka zose z'isi no kwigisha ibitigishwa ahandi ku bijanye n'inkuru nziza y'Umwami wacu Yesu Kristo, biciye mw'ihishurirwa ryahawe Umuhanuzi w'Icyubahiro Uebert Angel. Turashobora guhindura indimi, gucapa no gukwiragiza igitabu c'Inkuru nziza y'umusi biciye mu ngendo zacu z'ubutumwa, Isekeza ry'Inkuru Nziza, gushigikiza uburyo igihugu/ururimi kugira ngo dufashe mu gukwiragiza ubutumwa kurushirije. Ba umufatanyabikorwa muri uruyu muhamagaro w'isi yose kandi wifatanye natwe mu gutwara ubutumwa bw'Imana mu mahanga yose biciye kuriyi Ntumwa, ariyo Inkuru Nziza y'Umusi

**VYANDITSWE N'UMUHANUZI
UEBERT ANGEL**

@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

PARTNER AT: WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM



For further information on how to
grow as a Christian, please get in
touch with us at:

UK: +44 3333 448 612
USA +1 240 781 6942
RSA +27 51 004 0209
ZWE +263 773 195 955

gnd@goodnewsworld.com
goodnewsdailydevotional.com

SCAN FOR YOUR
FREE DOWNLOAD

